


ESPRI SEDIKTÈ YO

 Bonjou, zanmi. Mwen kontan m isi a maten an, e kòm m konnen ke m wè nou tout deyò a, m kwè ke Seyè a avè nou jodi a, ap ba nou on tikal lonbray, pou ke li pa fè two cho isi a nan tabènak la pou sèvis nan maten an. E kounye a nou . . .

2 Mwen kwè, èske gen timoun . . . Èske timoun yo te lage sot nan klas yo, Frè Neville? Mwen te wè kèk ti kanmarad, e mwen te jis mande tèt mwen si yo te voye klas yo tounen nan lòt plas yo—yo, nan sal lekòl dimanch yo a.

3 Kounye a, priye pou mwen. Mwen gen yon gran desizyon mwen te sipoze pran yè swa, e mwen dwe pran l jodi a. E se pou legliz la priye. Mwen gen yon—mwen gen yon reyinyon k ap vini apre, se drèt sou liy Rido an Fè a ann Almay, e kifè sa on ti jan delika. E priye pou mwen. E kifè, se, nou ka kòmanse touswit nan gwo estad krikèt sa a ann Almay, ke Hitler te fè jis anvan lagè a, yon bèl gwo plas, kote katreven mil moun ka chita. E nou ka genyen l pandan dis sware, san rete. E kifè nou espere kòmanse touswit laba a, epi ale lòtbò a nan La Salle Lorraine, nan Lafrance, apre, apre sa nan Berlin, retounen . . . Mwen vle di, Berlin ant laba a ak—ak Lafrans.

4 Apre sa n ap tounen, si Seyè a vle, nan yon konvansyon nan Chicago. L ap kòmanse, mwen panse, jou k ap senk, sis, sèt, uit, ak nèf, se patisipasyon pa m nan Chicago, nan konvansyon an nan legliz Syèd la—la. Epi apre se yo, Mesye Boze, kèk nan nou ki sot nan zòn Chicago, yo te gen yon konvansyon ki te gen pou vini apre sa . . . ki tap kòmanse premye out, oswa premye septanm, sa vle di, nan Syèd. E mwen tèlman kontan pou m konnen ke yo te vote pou se mwen, ki al laba a, e l te inanim a san pousan. Mwen te kontan pou sa, men mwen dwe swa al laba a oswa isi a la. Priye ke Seyè a va kondwi mwen jis egzaktman nan plas kote pi fò nanm va sove, e sa ki pi bon an va fèt pou Wayòm Bondye a. Bon, yo gen yon konvansyon laba a, e—e yomenm nan Syèd, e li te di nou tap gen vennsenk, trannsenk mil moun pou kòmanse, nan konvansyon an, e anpil nan yo se moun ki pa sove.

5 Epi alò isi a ann Almay, ebyen, yo gen yon estad ki gen plas pou katreven mil moun chita. Byensi, noumenm, nan Laswis kote nou fèk kite, nou te gen yon reyinyon mèveye laba a, e anpil nan nou petèt potko janm tandè pale de sa. Seyè a te beni nou ak pwisans, te gen senkant mil konvèti nan senk swa, nan—nan—nan Zurich, Laswis.

6 E kifè, Frè Jack Shuler, anpil nan nou konnen li, li se Metodis, pitit gason vye Bob Shuler. Yo nan Belfast kounye a, e—e yo di yo jis ap vire plas la tèt anba, lòtbò la a, pou Levanjil la, e menm pi gran pase sa Billy Graham te genyen nan reyinyon l la. Jack

se yon jennòm trè debyen, ranpli ak zèl ak lanmou. E li—li jis tèlman sensè nan sa jouk mwen kwè li se yon gran sèvitè Seyè a. E priye pou Frè Shuler. E—e gen Jack Shuler, ak Jack MacArthur tou avè li. Frè Jack MacArthur se yon gran predikatè, tou. E la a mesye legliz yo te di se pi gran revèy ki janm frape Iland. Kifè nou tèlman . . . Ale nan lapriyè chak jou pou sa yo—pou mesye sa yo. Yo alafwa jenn gason, anba, anviwon karant, mwen sipoze, oswa anba, ak fanmi e latriye, epi bon anseyan solid Levanjil la, e nou renmen yo.

⁷ E kounye a, mwen—mwen priye ke nou p ap bliye mwen, ke—ke Bondye va kite m pran bon desizyon an touswit. Gen moman kote nou pa konn nan ki direksyon pou n vire. Èske nou te janm rive nan sitiyasyon sa yo? Mwen kwè Pòl te rive nan sitiyasyon sa a yon fwa, pa vre? Li te balote sou tou de bò yo. E lè li ta pral laba a, enben, li te wè yon Anj nan yon vizyon ki te di li: “Vini nan Masedwàn.” Kifè Seyè a toujou gen Anj Li, pa vre L genyen L? Si mwen ka jis enb nan kè m sou sa menm jan Pòl te ye a.

⁸ E kounye a, aswè a, sonje sèvis Levanjil la isi a nan tabènak la, se pou tout moun vini. Noumenm arebò Louisville, mwen dwe pale nan Legliz Open Door la, aswè a, pou yon dezètdan, a setè edmi jouk nevè edmi, kot Frè Cauble la. Mwen ta pral vini de fwa isi a. Epi li tèlman yon mesye janti, e li te telefone. E Frè Cauble, li se yon jennjan debyen, yon frè. Oumenm, mwen sèten ou konnen l, yon frè trè debyen, e mwen te jis pat kapab refize l konsa. Priye. Plis pase tout bagay, priye, e priye ke Bondye va ban nou bon desizyon an—an pou n pran.

⁹ Kounye a, anvan nou kòmanse Mesaj Levanjil la, nou gen yon maten nou dwe konsakre timoun piti. E mwen gen yon tibway isi a pou m konsakre, tou, bay Seyè a. Bon, anpil fwa nan anpil legliz . . .

Èske nou ka tandè trè byen, jouk dèyè a? Si nou kapab, èske li kòrèk? Vantilatè sa yo isi a, mwen jis, ou pa ka tandè tèt ou. Non, sa, sa kòrèk. Mwen pè pou m peri san li.

¹⁰ Kifè timoun piti yo—yo, pafwa yo farinen dlo sou yo, nan legliz la, lè yo se ti bout bebe. E, byensi, sa soti nan legliz Katolik la, lè yo batize timoun piti yo, oswa “batize” jan yo rele yo lè yo jis ti bonnonm. Se legliz Metodis la ki vin avèk sa, batèm timoun piti a, ak anpil, e mwen panse anpil lòt ankò. Mwen panse se diferans lan ant Nazareyen yo ak Metodis ansyen tan yo, se te batèm timoun piti, epi gen ti separasyon ki vin fèt e latriye. Men, kèlkeswa fason an, li pa, mwen pa panse sa gen twòp enpòtans. Paske, apre tou, mwen panse Kalvè te montre bagay la klè, laba a, pou tout sa k konsène sa, se vre, paske Jezi te mouri la a pou sove timoun piti yo epi sove mond lan.

¹¹ E yon timoun piti, sa pa enpòtan ki kalite paran li genyen, kijan yo plen ak peche, sa pa tap fè okenn diferans, paske San Jezikri a netwaye li, ou wè, e sa se Ayo Bondye a ki retire peche

mond lan. Bebe sa a pa ka repanti. Li pa konn kijan pou l repanti. Li pa gen okenn rezon pou l isi a, pou tèt pa l. Li pa ka di w poukisa l isi a. Men Bondye te voye l isi a, e San Jezikri a netwaye l nan moman menm ke l vini nan mond lan. E sa se jiskaske li rive nan laj rezon, alò li konnen sa k byen ak sa ki mal, e alò sa l fè li dwe repanti pou sa li konnen ke l fè ki mal. Se vre. Kifè, kèk nan yo farinen dlo sou yo, e yo panse yo pa pral nan Syèl.

¹² E gen yon ansèyman ki di si bebe a fèt de paran ki gen Sentespri, ebyen, bebe a pral nan Syèl; men, si se pa sa, sa rete la, bebe a jis pa egziste ankò. Sa se kareman yon erè. Ki diferans sa fè si se paran ki gen Sentespri? Tout se dezi seksyèl, e bebe a fèt menm fason an. Kifè, tout yo “fèt nan peche, fòm nan inikite, vini nan mond lan ap bay manti.” Sa, sa se tèm selon Lekriti pou li.

¹³ Kifè, epi San Jezikri a netwate epi fè yon ekspiyasyon pou timoun sa a. Si li te mouri, li ta prale pafètman drèt nan Prezans Bondye, si li te fèt sot nan paran ki gen plis peche nan mond lan, jiskaske li nan laj rezon kote li konn sa ki byen ak sa ki mal. E alò sa li fè, apati de lè sa a, yo dwe padone li pou sa. Li dwe mande pwòp repantans pa li apati de lè sa a. Men pandan li se yon bebe . . .

¹⁴ Bon, fason nou eseye kondui nou, isi a nan tabènak la. Se sèl plas nan mond lan ke m ale, mwen preche Doktrin, se isi a nan tabènak la, paske sa se legliz nou. E nou preche Doktrin isi a pou kenbe moun yo nan liy. Lòt mesye, nan legliz yo, yo preche kèlkeswa sa yo kwè a. E yo se frè mwen, e mwen te ka diferan on tikras, men nou toujou frè jis menm jan an. E, men isi a nan tabènak la, nou preche sa nou panse ki se Doktrin selon Lekriti. E, anndan la a, nou wè pou sa k konsène konsekrasyon timoun yo, sa nou rele yon konsekrasyon, sèl lè nan Bib la ke nou ka dekouvri, oswa kote nan Nouvo Testaman an nan kote timoun piti te janm gen anyen pou wè, oswa Kris te gen yon bagay pou wè nan sa nan yon seremoni, se te, Li te pran yo nan bra Li epi te poze men L sou yo epi te beni yo, epi Li te di: “Kite timoun piti yo vin jwenn Mwen. Pa anpeche yo, paske Wayòm Bondye a se pou sila yo ki sanble avè yo.”

¹⁵ Kounye a, yo kite nou, jan nou konprann lan, pou n kontinye zèv ke Li vini pou—pou L akonpli a. Lanmò Li sou Kalvè a, Li te avè nou e Li te ale sot nan . . . soti nan Bondye, pou vin nan mond lan, Li te tounen sot nan Bondye, oswa sot nan mond lan al nan Bondye, epi Li vini ankò sou fòm Sentespri a, e Li avè nou, nan nou, jouk nan fen mond lan, ap akonpli nan Legliz Li menm zèv ke Li te fè lè Li te isi a sou latè. E, an akò ak sa, nou mennen pitit nou yo youn a lòt, bay minis yo, e yo priye sou yo, poze men yo sou yo epi yo konsakre yo bay Bondye. Jis yon ti seremoni pou di ke nou apresye sa Seyè a fè pou nou ak timoun piti yo.

¹⁶ Bon, si yo te farinen ti pa w la ak dlo, oswa kèlkeswa fason

l ye a nan legliz ou a, panse. Nou pa di yon sèl bagay kont sa. Se kòrèk. Men, selon Lekriti, nou sèlman jwenn yon plas, se kote Jezi te beni yo, Limenm. Ke mwen va li, si Seyè a vle, nan—nan Pawòl la isi a. Nou jwenn, nan Sen Lik. . . Mwen kwè se chapit 10 la—la, e kòmanse ak vèsè 13 la.

Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l te mete men sou tèt yo. Men disip yo t ap di moun yo pa fè sa.

Lè Jezi wè sa, li pa t kontan menm. Li di disip yo: Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo.

Sa m ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte wayòm Bondye a tankou yon timoun, li p ap janm ka mete pye l nan Peyi kote Bondye Wa a.

Aprè sa, li pran timoun yo nan bra l, e li mete men l sou tèt yo chak, li beni yo.

¹⁷ Sa adorab? Li te di: “Kounye a, kite timoun yo vin jwenn Mwen. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou, tankou timoun sa a.” E Li te pran yo nan bra Li epi te beni yo.

¹⁸ Kounye a, konbyen nou ta renmen, maten an, si nou te ka gen Jezi ki chita, an pèsòn, isi a sou lestrad la, pou di: “Seyè, èske W ta vle beni pitit mwen?” O, ala yon. . . pou je imen nou ak kè nou ki anvi wè sa a. Men Li isi a, kanmenm, paske Li ban nou komisyon pou n fè li. E, sa nou fè, se sa Li rekonèt. Kòm nou resevwa sila yo ke L te voye yo, nou resevwa Sila ke Li voye a, nou wè. Kifè, Li isi a maten an. E si Sè Gertie vle vini sou pyano a epi jwe ansyen chante nou an ke nou te abitye chante sa fè lontan, sila: “Mennen yo vini, mennen ti piti yo bay Jezi.” Mwen kwè li nan liv la la a yon kote. Mwen pa sèten. “Mennen ti piti yo bay Jezi.” E si nou gen yon bebe, yon ti bebe ki pat konsakre, e nou vle konsakre li maten an, enben, n ap kontan fè li.

¹⁹ Epi èske genyen kèk minis nan bilding lan, kèk predikatè ki ta jis vle vini epi kanpe avè nou isi a pandan n ap konsakre timoun sa yo bay Seyè a? N ap kontan genyen nou, antan n ap avanse. Trè byen, èske li nan liv la la a? Ou jwenn li, Frè Neville? Li pa la a. Trè byen, konbyen ki konnen li, *Mennen Yo vini?* Trè byen, ann chante li kounye a. Tout moun ansanm, pandan manman yo ap mennen bebe yo. Trè byen. Trè byen.

. . . yo, mennen yo vini,
Mennen yo soti nan chan peche;
Mennen yo vini, mennen yo vini,
Mennen sila ki egare yo bay Jezi.

Mennen yo vini, mennen yo vini,
Mennen yo soti nan chan peche;
Mennen yo vini, mennen yo vini,

Mennen ti piti yo bay Jezi.

Nou va bese tèt nou yon moman.

²⁰ Papa nou ki nan Syèl la, men manman yo ak papa yo ki kanpe arebò lotèl la maten an ak ti pitit yo kenbe nan bra yo, ke Ou ba yo ak lagras. Yo tèlman rekonesan pou yo, Seyè, e yo mennen yo isi a devan lotèl la maten an, nan kay Bondye a, pou konsakre yo, ba Ou vi yo. Se Ou ki bay. E nou priye, Bondye, ke Ou va nourri epi beni chak grenn nan yo. Kondwi yo, e se pou Zanj gadyen Bondye yo veye chak grenn. Ba yo yon lavi long nan kè kontan ak lajwa. Se pou yo leve pou yo vin gason ak fanm pou Bondye, pou demen, si gen yon demen.

²¹ Bondye, nou priye ke Ou va leve predikatè ak pwofèt ak anseyan soti nan gwoup bebe sa a ki arebò lotèl la maten an. E lè nou granmoun epi n pa ka al pi lwen, yon moun dwe mennen nou sot nan yon plas al nan yon lòt, se pou nou kapab kanpe epi tande Levanjil la ke sila yo ki isi a jodi a preche. Akòde li, Seyè. E yon jou glorye lè tout sa fini, lavi nou fini, paran sa yo arebò lotèl la, se pou nou tankou Jakòb nan tan lontan lè li te beni tout pitit li yo epi li te di yo kisa fen yo tap ye nan dènye jou a. Apre sa antan li te gade anwo, li te di: “Nou konnen, mwen dwe rasanble ak pèp mwen an.” E yon jou glorye, li ak tout desandan l yo, dwe rasanble ansanm nan yon pi bon Peyi. Sa pa etonan Balaam li di: “Se pou fen dènye mwen tankou pa l la.” Bondye, mwen priye ke Ou va akòde benediksyon sa yo sou paran yo.

²² E kounye a antan nou pral poze men sou yo, ala—ala yon mèveye . . . E ala Ou fè sa enb, Seyè, ke nou lèzòm sou tè sa a ta gen privilèj pou beni timoun piti nan Non Ou, antan nou konnen sa, ke, sa nou mande, yo akòde nou. Antan nou pral beni yo, se pou Jezi, Moun ki omniprezan an, Sila ki omnipotan an kanpe toupre epi beni chak timoun antan nou poze men nou sou yo epi ofri yo ba Li. Paske nou mande sa nan Non Li. Amèn.

²³ Frè Glenn Funk, li gen twa ti pitit li yo pou yo konsakre bay Seyè a. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

. . .yon—yon ti plaka, laba a nèt nan nò a, Ou te pwomèt mwen pitit sa a. Papa, se pou benediksyon W yo repoze sou li.

Joseph, pitit gason m, mwen ba ou bay Bondye. E se pou lavi w yon benediksyon. Se pou w yon pwofèt, Joseph. Se pou gras Bondye repoze avèk ou. Se pou Bondye papa w la, Seyè Jezikri a, toujou beni w, fè lavi w yon benediksyon pou lòt yo.

Nan Non Jezikri, mwen beni w. Amèn.

²⁴ [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . .renmen timoun piti? Gen yon bagay sou timoun piti yo ki fè ke chak manman vle pou pitit li beni.

Bon, se fason Papa Selès nou an ye pou nou granmoun yo maten an. Li vle pou nou chak beni. Li prezante nou devan sèten bagay, jis lonje l ban nou, tankou pou di: “Men ni, Mwen vle pou

w beni, pitit Mwen.” Èske Li pa mèveye? Kifè nou ka apresye yon Papa Selès janti konsa.

²⁵ Kounye a, konsènan benediksyon ti bebe yo, nou konnen, mwen te jis ap li isi a nan Lekriti a lòt jou, yon kote bò isi a, se te nan Ansyen Testaman an, ke, yon gran bagay ke mwen—mwen te sètènman apresye pou m rive li. Men li, isi a menm. “E Nathan te di David: ‘Fè tout sa ki nan kè w, paske Bondye avè w.’” Ou wè? “Fè sa ki nan kè w.” E anpil fwa mwen—mwen te jwenn sa, zanmi Kreyen, ke mwen te pwononse bagay san m pat konnen kisa mwen tap di, epi m dekouvri ke li te rive. Sa ke w di!

²⁶ Sa te di yon fwa, Jezi te desann mòn lan epi L te wè yon pyebwa ki pat gen anyen sou li, jis fèy sèlman, e pat gen fwi, e L te di: “Okenn nonm p ap manje nan ou apati de kounye a.”

²⁷ E nan demen, antan yo t ap pase, apot yo te wè fèy yo seche. Li te di: “Gade kijan pyebwa a seche rapid.”

²⁸ Jezi te di: “Gen lafwa nan Bondye; paske kèlkeswa bagay nou mande, lè nou priye, kwè nou resevwa li e nou va genyen li. E kèlkeswa bagay nou di, nou va genyen sa nou di a.” Panse a sa. O! E petèt jodi a, gran Sentespri Bondye a, ki kanpe isi a bò lotèl la, nou di . . . Ebyen, li pa bezwen dekore. Li pa bezwen pou li yon gran plas tou prepare.

²⁹ Jakòb te rale yon wòch yon fwa epi li te poze tèt li sou li, e yo toujou rekonèt li jodi a kòm yon Wòch Eskòn. Oswa, Wòch Eskòn lan, ke gran zòm sou latè yo toujou pote wòch sa a avè yo toupatou, pou yo inogire wa yo sou tèt wòch sa a, jis yon vye wòch òdinè ki blayi nan yon chan.

Bethel te jis yon pil wòch ki te poze youn sou lòt, e li vin kay Bondye a, plas pou abite a. Jakòb te di: “Sa pa yon lòt plas ke kay Bondye a.” Jis yon pil wòch ki poze youn sou tèt lòt.

³⁰ Sa sa bezwen, se pa gran bagay konplike yo. Sa pran senplisite a ak lafwa pou kwè, se sa li pran. Se sa ki pwodwi rezilta.

³¹ Bon, kòm nou konnen tan an ap file vit, n ap eseye pa kenbe nou trè lontan, kòm nou konnen li fè cho e legliz la foul ak moun. Kifè m ap jis pale avè nou jis kèk moman maten an, sou yon ti sijè isi a ki te ka . . . Mwen konfyan l ap yon èd pou nou. E kounye a mwen, anvan m kite lakay, mwen te ekri twa ou kat ti bagay. Mwen te di: “M ap tann pou m wè sa Seyè a tap gen pou mwen pou m pale sou li lè mwen rive laba a.” Mwen te ekri apeprè sis ti bagay isi a, ti sijè, e mwen te ekri youn, mwen mete l nan pòch mwen konsa. Mwen te panse: “Ebyen, lè mwen rive nan lestrad la petèt L ap di m yon bagay pou m pale sou li.” Kounye a mwen jis lwen menm jan m te ye anwo la a. Kifè, tout jan, m ap li yon Ekriti isi a, Seyè ede nou konprann Li. Chapit 14 la nan Sen Lik, e ann kòmanse apeprè trann- . . . vèsè 31 nan chapit 14 la nan Sen Lik.

Konsa tou, si yon wa vle fè lagè ak yon lòt wa, premye bagay pou l fè: l ap chita pou l egzamine bagay la byen, pou l wè si, avèk dimil òm, li kapab mache kontre lòt wa a k ap mache sou li ak venmil òm.

Si li pa kapab, antan li swa . . . lwen toujou, l ap voye devan kèk mesaje bò kote l pou mande l fè aranjman.

Konsa tou, nou yonn la a . . .

³² Mwen vle nou remake byen. Kounye a, dabò Li te di . . . Se yon parabòl. Li te di: “Bon, gen yon wa k ap vini, e li gen ven mil sòlda; e wa sa a pral rankontre avè l, e li sèlman gen di mil sòlda. Kifè alò, an premye, li chita e l mande si l pare, si li ka fè l oswa non.” Trè byen.

. . . nou yonn la a pa kab disip mwen, si l pa detache kè l sou tou sa l genyen. (Ou wè?)

³³ Kounye a se pou Seyè a ajoute benediksyon Li nan Pawòl sa a. Kounye a nou va bese tèt nou jis yon moman.

³⁴ Papa nou ki nan Syèl la, Oumenm Ki konn tout bagay, e Ki pa gade sou ki moun lòm lan ye, paske kisa lòm ye pou Ou sousye W de li? Ou te fè lòm, e li jis tankou flè nan chan an: jodi a li bèl, demen yo koupe l, jete nan fou a, epi li fennen l ale. E mwen priye W, Bondye, pou gen mizèrikòd pou nou jodi a epi kite chak moun fè envantè jodi a. Nou isi a tankou nan kay koreksyon an. Nou isi a pou n aprann epi konnen kòman pou n viv, e kite l vini sot nan Pawòl Ou jodi a, O Bondye Etènèl. Anpil nan pitit Ou yo rasanble anndan an, e anpil nan yo te pitit Ou pandan plizyè lane, men, antanke sa, nou tout tounen nan kay Bondye a, pou aprann, pou konnen. E mwen, sèvitè Ou, dezire konn plis sou Ou. E mwen priye ke W va mennen enspirasyon Levanjil la sou nou tout, sou sèvitè W, e ke Prezans Ou, epi enspirasyon Ou sou nou nan bilding sa a, kapab tèlman gran jodi a, ke n ap pati, nan kè nou, ak dezi pou nou pi bon sèvitè Pa W, ke l ap pwofitab pou nou isi a. O Bondye ki gen mizèrikòd, akòde benediksyon sa yo nan Non Jezi, Pitit Ou a. Amèn.

³⁵ Kounye a se pou Seyè a ajoute benediksyon L yo sou Pawòl la ke nou li a. Mwen vle pran yon sijè maten an, ki se: “Espri sediktè yo oswa Pawòl Bondye a?” Bon, yon sijè on jan etranj pito, men kòm se nan tabènak la . . . E mèkredi swa pase . . . Dimanch pase nan maten mwen tap pale sou yon—yon ti jibile Levanjil.

³⁶ E mèkredi pase nan aswè mwen tap preche sou fanm ki te gen kolye a—a sou tèt li, oswa . . . Li te pèdi youn nan pyès monnen li yo, e li tap bale kay la epi eseye jwenn li anvan mari l vini. E nou vin dekouvri ke fanm sa a te yon fanm tankou sa yo ki ann oryan yo, e li . . . e li te reprezante Legliz la. E yon bag maryaj pat konn mete nan dwèt. Yo te mete l alantou tèt la, ak nèf pyès lajan sou li. E lè yon fanm vin yon pwostitye, yo te retire yon grenn pyès lajan e sa te montre ke li te yon pwostitye. E kifè fanm sa a te pèdi youn nan pyès yo, san l pa yon pwostitye. Men mari l te lwen, e

li tap eseye prese pou l jwenn pyès sa a, pou tounen mete l nan tablèt li, paske lè mari l vini li tap konnen ke yo te atrap li nan pwostitasyon, e sa tap vle di yon fwaye kraze e latriye. E mwen te aplike sa pandan kèk moman pou legliz la, ki te pèdi anpil gran bagay. E se lè pou Papa vini, kifè nou dwe chache yo. Kounye a, antan nou konnen nan legliz la, ak tabènak nou an . . .

³⁷ E mwen—mwen vle pale sou *Espri sediktè yo*, sa ki ta dwe vrèman pran tit *Demonoloji*. Nou tèlman tande pale de demon, nan jou sa yo, men nou tande yo pale on tikras sou kijan pou debarase de li. Nou tout byen konsyan ke gen demon, men, pwochen bagay la se, kòman pou debarase de bagay sa a. E kounye a genyen . . . Kòm mwen genyen, pa gras Bondye, anpil okazyon pou trete ak bagay sa yo ki rele demon yo, epi konfwonte yo sou lestrad la epi nan mache mwen chak jou, e, enben, mwen ta renmen gade nan Lekriti a maten an epi dekouvri jis kisa bagay sa yo ye.

³⁸ Bon, nou aplike sa nan yon sèvis gerizon, toujou sou bò gerizon an. Kansè, timè, katarat, tibèkiloz, tout bagay sa yo pa bagay natirèl, yo sinatirèl epi yo se demon. Lekriti a konfime sa klè. Men sa se demon nan kò a, ak bagay k ap gwosi, tankou kansè, gen lavi nan li, e lavi sa a se yon demon. Yon katarat k ap gwosi, yon tibèkiloz k ap gaye, ak lòt maladi, yo se demon. Sa se sou yon fòm fizik.

³⁹ Kounye a, maten an nou pral pale—pale sou demon nan fòm espirityèl nan nanm lan. Yo nan nanm lan menm jan yo nan kò a. E nou oblije admèt ke nou wè yo nan kò moun yo, tankou kansè ak—ak diferan maladi ki nan kò imen an.

⁴⁰ Jis dènyèman, yo te deklare menm kansè se yon maladi katriyèm dimansyon, ke li nan yon lòt dimansyon. Sèten, se demonoloji. Tout maladi se yon maladi katriyèm dimansyon, pou kòmanse.

⁴¹ Bon, men kounye a kansè nan kò a oswa kansè nan nanm lan, demon an ka vini nan toulède plas yo. Bon, gen plizyè fwa epi anpil moun ak bon panse ki . . . epi bon moun ki eseye plizyè fwa pou—pou repoze sou kèk ti teyoloji yo genyen, oswa yon bagay ke yo te anseye yo depi yo te yon timoun, e yo toujou jwenn ke nan fon èt yo, nan fon nanm yo, ke yo toujou gen yon bagay ki pa kòrèk. Noumenm, anpil isi a maten an, nanpwen dout kèlkeswa kote nou jwenn Kreyen ki ransanble ansanm, nou jwenn moun ki gen espri sa yo nan yo, ke yo . . . Se endezirab. Yo pa vle yo. Yo di: “O, si mwen te ka sèlman sispann bay manti! Si mwen te ka sèlman sispann konvwate! Si mwen te ka sèlman sispann *sesi* oswa *sela!*” Bon, sa yo se demon. E, kounye a, yo vini sou fòm relijyon, anpil fwa. (Kòm se lekòl dimanch, se yon tan pou anseye, kifè ann analize sa a.) Bon, yo vin sou fòm relijyon, anpil fwa.

⁴² Kounye a, nan Lekriti, yon fwa, te gen yon nonm ki rele Jozafa, yon gran òm, yon òm relijye. E li t ale kote yon lòt wa

ki te wa Izrayèl la. E li, Jozafa, se te wa Jida a. E li te desann kòt Akab, wa Izrayèl la, e yo tout vin makonnen ansanm, epi yo te fè yon alyans youn ak lòt, pou al goumen nan Ramoth Galaad. E yo te fè l san yo pat priye anvan.

⁴³ O, si moun yo te kapab sèlman rann yo kont! Se pou sa mwen vini maten an epi m te mande nou pou n sonje mwen antan m ale lòtbò dlo. Nan tout bagay, priye!

Yon moun vini lòt jou a epi li te di: “Frè Branham, èske w panse sa pa bon pou fè yon sèten bagay?”

⁴⁴ Mwen te di: “Poukisa w ap poze kesyon sou sa?” Ou wè? Si gen yon kesyon nan lespri ou, kite l frankil, pa fè l ditou. Jis rete ak sa. Lè w kòmanse fè nenpòt bagay, e si gen yon kesyon si li bon oswa l pa bon, rete lwen li. Pa al ladan l di tou, lè sa a w a konnen ou gen rezon.

⁴⁵ Kounye a, tout bagay ta dwe konsidere nan priyè, an premye. “Chache an premye Wayòm Bondye a ak jistis Li, e tout lòt bagay sa yo ap ajoute.” Mwen pozitif epi sèten maten an, si gason ak fanm te ka sèlman antre nan pozisyon kote nanm yo, panse yo, atitid yo, vin pafè nan je Bondye, sa tap youn nan legliz ki pi pwisan ki te janm egziste.

⁴⁶ Gade jis pandan kèk moman sou kote fizik la. Kounye a, nou se, gen, anpil fwa, nou genyen sa depi plizyè lane, nou gen sa nou rele yon “detektè manti.” Nou ka mete l sou ponyèt nou, yo mete l toutotou tèt yo—yo, e nou ka antre la a epi eseye tout sa n kapab pou n fè yon manti sonnen tankou laverite, e l ap anrejistre negatif chak fwa, paske imen an pat fèt pou bay manti. Bay manti se yon bagay twonpe, ki di, move bagay. M ta pito gen yon tafyatè avè mwen, nenpòt jou, pase yon mantè. Ou wè? Yon mantè! E kò w pat fèt pou bay manti. Sa pa enpòtan kijan ou plen peche, ou toujou yon pitit Bondye ki chite. Moun ki gen plis peche nan vil sa a jodi a, Bondye pat gen entansyon pou w plen peche. Li te vle w se yon pitit gason oswa yon pitit fi Li. Nou te fèt selon Pwòp nati Li. Men peche te lakòz nou fè sa. E sa pa enpòtan nan ki pwen nou eseye imite epi eseye fè yon manti parèt vre, yo gen yon enstriman syantifik ki pwouve ke se pa vre. Ou ka di li ak tout inosans ou vle a, men l ap toujou anrejistre negatif; paske gen yon sibkonsyan anba nan yon èt imen, e sibkonsyan sa a konnen kisa k verite. E sa pa enpòtan sa n ap di isi a, sibkonsyan sa a konnen ke se yon manti, e l ap anrejistre dapre sibkonsyan an.

⁴⁷ Se poutèt sa, si yon nonm oswa yon fanm te ka janm fè panse yo, ak temwayaj yo ak lavi yo tèlman aliye ak Bondye (amèn) jiskaske kanal Sentespri a ap pafètman yon sèl ak Bondye, kisa k tap rive! Si gason an ak fanm lan te ka janm vin aliye, la ak libète nan kè yo, ak lafwa ki soti pwofon nan èt yo!

⁴⁸ Anpil moun vini devan lotèl la pou yo priye pou yo, yo gen lafwa entelektyèl. Yo konfese peche yo epi yo fè yo manm nan yon legliz, pa lafwa entelektyèl. Yo kwè l nan lespri yo—yo. Yo

kwè l paske yo te tande li. Yo kwè l paske yo konnen se pi bon fason pou yo konpòte yo. Men se pa sa Bondye gade. Li pa gade lafwa entelektyèl ou.

⁴⁹ Li gade sou kè a, sou anndan an Bondye . . . E lè li sot nan kè a, tout bagay posib lè sa a. Konfesyon nou koresponn ak lavi nou. Lavi nou pale fò menm jan ak konfesyon nou.

⁵⁰ Men lè konfesyon nou di yon bagay, epi lavi nou viv yon lòt, gen yon bagay ki pa bon yon kote. Sa se paske nou gen yon lafwa entelektyèl, e pa yon lafwa ki sot nan kè nou. E sa montre ke deyò, *isi a*, se yon konesans sou Bondye; men anndan, *isi a*, se yon demon ki doute. “Mwen kwè nan gerizon Divin, men se pa pou mwen.” Ou wè? “A, li te ka konsa, men mwen pa kwè li.” Nou konprann li? Deyò a, ou di “wi”; anndan an, konsyans ou di: “non.” Menm bagay syantifik sa a tap pwouve ke se pat vrèman sa, pwouve li.

⁵¹ Remake lè wa sa yo, anvan yo te kòmanse, yo te dwe gen . . . Anvan Jozafa te janm fè yon alyans ak Akab, li te dwe di an premye: “Annou priye epi wè kisa volonte Seyè a ye.”

⁵² Ban mwen yon predikatè, ban mwen yon Kreyen, ban mwen yon madanm nan kay ki se yon Kreyen, ban mwen yon fèm, oswa yon moun kap travay nan faktori, k ap mete Bondye an premye nan tout bagay, m ap montre nou yon nonm k ap gen siksè malgre tout sa dyab la ka mete sou li. Li chache Bondye, an premye. Nou dwe genyen an premye . . .

⁵³ Men yo pat fè li. Yo tout te gen tèt yo nan nyaj paske Akab te gen yon gran wayòm entèlijans, e li te fè tout on pakèt bagay, epi li te gen bèl bijou li yo, lò li ak ajan li, se te yon gran nonm, ranpli ak siksè, poutan yon enkwayan.

⁵⁴ E se la mond lan ye jodi a. Se la Etazini ye jodi a. Se la legliz yo ye jodi a. Nou bati kèk nan pi bèl legliz ki te janm bati yo. Nou te gen kèk entelektyèl ki pi byen poli nou te janm genyen. Nou anseye kèk nan pi bon teyoloji, e latriye, e nou te aprann chante tankou Zanj, men poutan gen yon feblès yon kote. Gen yon feblès, paske yo te soti al dèyè doktrin lòm ak espri sediktè, olye yo tounen nan Pawòl Bondye a. Yo eseye swiv modèl bagay mond lan. Yo eseye mete limyè klere sou li, tankou Hollywood.

⁵⁵ Isi a lòt jou a, yon denominasyon selèb, nan domèn Plen Levanjil la nan Kansas City, oswa, m mande nou padon, nan Denver, nan konvansyon an, ap bati yon legliz yon milyon dola. E plizyè milye misyonè ap tann pou senkant kòb nan men menm denominasyon sa a, pou pote Levanjil la bay payen yo. Sa nou bezwen jodi a se yon revèy ak lespri misyonè, ke Bondye voye, ki ne de Sentespri a, ki va gen zèl Bondye a, pou pouse al nan jeng yo laba a e fè yon bagay pou Bondye, olye pou bati gwo, bèl legliz epi eseye depase vwazen an.

⁵⁶ M ta pito adore nan yon misyon, kote yo te fè menaj, oswa nan yon ba, epi gen libète Sentespri a ak lanmou Bondye kap

boule nan kè yo, pase pou m chita nan pi gran katedral ke nou genyen nan mond lan epi kwense nan doktrin ak dògm lòm. Sa nou bezwen jodi a se yon revèy k ap sakaje, tounen nan Verite a, tounen nan Pawòl Bondye a ankò.

57 Kounye a, lè yo te soti la a, e se te apre yon moman Jozafa on jan vin nan limenm epi li te di: “Èske pa gen . . . Ebyen, ann konsilte Seyè a sou sa.”

58 Li te di: “Trè byen,” Akab te di sa, e li te voye yon moun chache san, kat san predikatè byen fòme. E li te mennen yo la a epi li te di: “Tout sila yo se pwofetizè.”

59 E kifè yo te lanse yo nan anchantman yo, e yo kòmanse rele. E yo te di: “Wi, kontinye ale an pè. Seyè a avè ou.”

60 Epi apre tou kat san sa yo te bay temwayaj ke yo te dwe monte an pè, poutan Jozafa ki konnen . . . Èske nou konprann sa? Ou wè, nan fon kè òm jis sa a te gen yon bagay ki te di l te gen yon defo yon kote. Yon bagay pat bon.

61 Akab te di: “Bon nou genyen kat san isit la, e nan yon sèl akò, chak grenn nan yo di: ‘Ale, Seyè a avèk ou.’”

Men Jozafa te di: “Èske ou pa gen youn ankò?”

62 Li te di: “Ebyen, kisa nou bezwen ak youn ankò, apre nou gen kat san nan mesye ki pi byen enstwi yo nan peyi a? Yo tout ap di: ‘Ale!’” Sa se te entelektiyèl. Men nan fon kè Jozafa li te konnen ke te gen yon bagay ki pat bon. Kounye a, li te di: “Nou gen youn ankò, li se Miche. Men mwen rayi li.” Li te di: “Li toujou ap di yon move bagay, epi ap eklate lè li pa gen okenn rezon pou l fè l, epi l ap rabese legliz yo ak tout bagay.” Li te di: “Mwen rayi li.”

Li te di: “Ale, chache l, epi ann wè kisa l ap di.”

63 E lè Miche monte, li te di . . . Yo te di: “Kounye a, gade, di menm bagay ak rès yo.”

64 Li te di, li te di: “M ap sèlman . . .” Men li. “M ap sèlman di sa Bondye di.” Amèn. “Sa pa enpòtan sa pwofèt nou di, ak kisa sa a di, ak kisa legliz nou di, ak kisa yo di, m ap di sa Bondye di. Bondye va mete l nan bouch mwen e m ap di sa Li di.” Sa nou bezwen jodi a se kèk Miche ankò k ap di sa Bondye te di. Remake, kifè yo te mennen l laba, e li te di: “Ban mwen lannwit lan.” Kifè lannwit sa a Seyè a te rankontre li, e li tounen nan demen. Lè de wa yo enstale nan pòtay la, li te di: “Kontinye monte.” Li te di: “Nou mèt monte. Men,” li te di: “Mwen te wè Izrayèl tankou mouton ki gaye san gadó.”

65 Kifè youn nan predikatè sa yo, tout abiye, te avanse epi li te souflete l nan bouch, epi li te di: “Nan ki direksyon Lespri Bondye a te ale lè Li te soti nan mwen?”

Li te di: “W ap konnen lè w tounen.” Wi.

66 Li te di: “Koute byen la!” Li te di: “Nou se sèvitè Bondye. Nou kat san, e ou se youn.”

67 Men Miche te di: “M ap di nou kote pwoblèm nou chita.” Amèn! Li te di: “Mwen te wè yon vizyon.” Amèn! Li te di: “E mwen te wè Bondye chita sou twòn Li. Mwen te wè lame Syèl la kanpe alantou Li. E nou konnen ke Pawòl Bondye te pwononse madichon sou nonm sa a, nan fason li te aji.”

68 Nou pa ka beni sa Bondye te modi, nitou dyab la pa ka modi sa Bondye te beni. Se yon zafè endividyèl, sa pa enpòtan kijan li pòv oswa kijan li estupid, kijan li anafalbet, kijan li pa edike. Sa Bondye te beni beni. Sa Bondye te modi modi. Konn fè diferans ant sa ki bon ak sa ki mal.

69 Miche te konnen trè byen ke se pat Seyè a ki te avèk predikatè sa yo. Ebyen, kisa k te pwoblèm lan ak predikatè sa yo? Remake sa yo te fè. Se yo ki te pi byen abiye. Se yo ki te pi byen nourri. Yo te reyini ansanm pou fèt yo e latriye, epi pou alyans yo, jiskaske sa te rive yon kote se te sèlman pwòp teyoloji yo yo te konnen. E Bib la te di ke Miche, lè li tap gade vizyon an, li te di: “Bondye te di: ‘Kimoun nou ka rive voye laba a pou sedui Akab?’ Epi yon espri k ap bay manti te di: ‘M ap desann la a epi sedui Akab atravè predikatè sa yo, pou fè Akab ale laba a, pou fè Pawòl Bondye a akonpli.’”

70 Kounye a, jodi a tèlman anpil moun ap koute. . . (La, lekòl dimanch, mwen renmen sa.) Gade, tèlman anpil moun ap koute espri sediktè olye pou yo pran Pawòl Bondye a. Espri, yo nan mond lan. Yo se demon. E yo antre nan plas yo epi yo enfiltre nan mitan mesye yo, minis yo. Yo enfiltre nan mitan manm legliz yo. Yo enfiltre nan mitan bon moun. Epi yo antrene yo nan, nan yon ilizyon. Epi yo di bagay, epi fè bagay, epi anseye bagay, epi pratike bagay, ki kontrè ak Pawòl Bondye a. Jodi a, minis nan asanble yo ap otorize moun yo pou yo jwe kat nan legliz yo, anpil nan yo. Bon, se pa Katolik nètale, gen yon pakèt Pwotestan ki fè sa.

71 Sa yo te eseye fè se fè ranplasman yon bagay. Yo te eseye adopte kèk nouvo plan. Yo te eseye adopte edikasyon, pou pran plas Sentespri a. Nou p ap janm kapab fè li, sa pa enpòtan kijan mesye nou an byen enstwi. Mwen panse se yon bon bagay pou l enstwi. Men si li pa gen Sentespri a ak sa, enstriksyon l lan p ap itil li anyen. Enstriksyon p ap janm pran plas konduit Sentespri a. Amèn.

72 Remake, yo, olye de Sa a, yo te eseye adopte bay lanmen pou ranplase eksperyans ansyen tan nou te konn genyen an. Jodi a legliz la vin modèn. Yo avanse epi yo bay lanmen asosiyasyon yo a, e se apeprè konsa sa yo fè. Men sa p ap janm ranplase ban moun k ap lamante tankou nan tan pase yo kote pechè yo te konn kriye bay Bondye epi mete yo an règ. Se vre.

73 Jodi a y ap eseye ranplase dim Bondye a. Y ap eseye adopte yon bagay. Y ap eseye fè l diferan. Y al laba a epi yo gen jwèt bunco nan legliz yo, jwe lotri. Lotri p ap janm ranplase dim

Bondye a. Soupe, vann kouvèti, piknik, pou ranmase lajan pou peye diferan det, sa p ap janm ranplase dim ak ofrann Etènèl Bondye a. Li p ap janm fè li. Men poutan n ap eseye fè li.

⁷⁴ Kisa l ye? Se espri sediktè ki desann, k ap eseye ran- . . . ranplase Pawòl Bondye pa yon bagay. Bondye pa gen ranplasman pou Pawòl Li. Li Etènèl e pou tout tan. Bondye pa gen anyen pou ranplase lafwa. Lafwa pa gen ranplasman. Lespwa p ap janm ranplase lafwa. Lafwa pou kont li. Li kanpe pou kont li. Li p ap janm pran . . . Lespwa pa ka janm ranplase li. Lespwa se sibstans bagay yo espere, evidans bagay ke yo pa wè, oswa se lafwa, pito. Ou wè? Lespwa se yon bagay; lafwa se yon lòt. Lespwa espere li; lafwa genyen li. Youn se lafwa entelektyèl; e lòt la se revelasyon dirèk Bondye. Li p ap janm ranplase li. N ap eseye, men n ap pwodui tout ranplasman sa yo.

⁷⁵ N ap eseye bati gran legliz olye pou n voye misyonè. Yon lòt ranplasman. Jezi pat janm òdone okenn moun pou bati yon legliz. Sa pat janm òdone nan Bib la. Nou mete seminè, yo kite sa ranplase misyonè. Nou . . . Jezi pat janm di nou bati yon seminè. Yo kòrèk. Enstriksyon, y ap eseye pran sa pou pran plas la. Li p ap janm fè li. Komisyon Jezi se te pou “ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la bay tout kreyati,” pou tan lafen an. Kifè tout ranplasman nou genyen yo p ap janm pran plas otantik la.

⁷⁶ Lòt jou a mwen te gen yon eksperyans, yon ranplasman. Mwen te gen premye doule nan dan mwen, mwen te dwe rache yon dan. Maten an mwen gen yon fo dan ki kole la a. Apèn si m ka pale. Li p ap janm ranplase vrè a. Non, mesye! O la la!

⁷⁷ Ou ta ka pran yon nonm epi ou byen abiye li, fabrike l ak bwa, ak lakrè, kèlkeswa sa w vle a, epi ranje li osi byen ke w kapab. Li pa gen santiman, nanpwen konsyans. Li p ap janm ranplase okenn vrè òm. Nitou yon fo konvèsyon ki pwoche epi di: “Mwen te rantre vin jwenn legliz la. M ap eseye fè pi byen.” Sa p ap janm ranplase konvèsyon Sentespri otantik la, ansyen mòd la, ke Bondye voye a ki fè yon nonm diferan nan kè li. Li pa ka fè li, paske pa gen Lavi nan li. Pa gen anyen pou ba li Lavi.

⁷⁸ Isi a sa pa fè lontan mwen te wè gran atis ki te pwodui sa a, eskiltè a, mwen vle di, ki te fè imaj Moyiz sa a. M pa ka nommen non li kounye a. Li se yon atis Grèk. Sa te koute l lavi li. E lè li te fini l opwen ke li te twouve l tèlman pafè, li vin tèlman eksite pou imaj Moyiz la, kifè li te frape l nan jenou, epi l te di: “Pale, Moyiz!” Li te parèt tèlman reyèl! Modèl la te tèlman pafè jiskaske li te sanble tèlman anpil ak Moyiz, dapre sa k te nan panse l, ke li te frape ak mato a pou fè l gen santiman.

⁷⁹ Sa fè panse a legliz la. Sa pa enpòtan nan ki pwen nou ranplase, kijan nou gen yon gwo asanble, kijan nou chante chante nou yo byen, kijan asanble nou abiye byen, nan ki pwen nou gen *sesi*, *sela*, oswa se *lòt bò*, nou te ka frape, santi, kèlkeswa. Li p ap janm ranplase Lavi, jiskaske Kris desann nan fòm

Sentespri a, nan legliz sa a, epi ba li yon nouvo eskperyans de nouvèl nesans. Li p ap janm ranplase Pawòl Bondye a. Pawòl Bondye kanpe pou kont li.

⁸⁰ Miche te gen Pawòl la. Li te konnen li te gen Pawòl la. Li te gen Pawòl ekri a, li te genyen L pa yon vizyon tou. Li te konnen kisa Bondye te di nan Pawòl Li. Li konn kisa Bondye te di pa vizyon an. Yo toude vin ansanm. Li te konnen se te Laverite, se poutèt sa li pat pè.

⁸¹ Men espri sediktè sa a, gade kisa l fè, jodi a. Pou fè plis manm legliz, pou fè pi bon manm legliz, li kite tonbe baryè tout ansèyman Sentespri ansyen mòd la. Li te pèmèt mesye yo gen fèt sosyal youn ak lòt, nan sousòl la kote yo tap jwe jwèt. Sa p ap janm ranplase chanmòt la, kote yo tap priye pou Sentespri a. Li te pèmèt medam yo rasanble epi bay blag ak tout bagay, epi anpil tentennad ki pa gen anyen ladann. Sa p ap janm ranplase yon reyinyon priyè. Fanm yo, fason yo soti epi abiye jodi a, se—se yon wont.

⁸² Mwen te tande yon remak ke Frè Neville te fè, li te di: “Pòv pèp Ameriken an,” li te di, “yo voye tout rad yo lòtbò dlo.” Se vre. Y ap mache la a ak souvètman yo. Yo . . . Se vre. Yo dwe distribye yo bay misyonè yo, paske misyonè an . . . Se moun yo ak payen yo nan lòt peyi a k ap pote yo. Moun bò isi yo ap evite yo, sanble yo renmen sa.

⁸³ M ap di nou, genyen yon bagay ki te pèvèti, e se predikasyon Levanjil Seyè Jezikri a. Se demon ki fè nou dezabiye nou. Pat janm genyen ke yon sèl moun nan Bib la ki te janm chire rad yo sot sou yo, Se te yon nonm ki te posede ak demon. E li vini nan yon fòm lejè jodi a, tankou li sosyal, tankou li bon, tankou se kòrèk. “Li fè pi fre, e l ap fè w pi fre si w retire rad ou yo.” Mesye k ap mache monte desann nan lakou yo, epi a mwatye toutouni, e fanm yo menm jan an. Enben, nou rive nan yon pwen nou pa gen plis respè youn pou lòt ke nou ta genyen pou chen. Ki pwoblèm lan? M p ap eseye blese nou. Mwen sèlman ap eseye di nou se posesyon demon, e n ap koute espri sediktè k ap di nou: “sa se kòrèk,” men se yon manti.

⁸⁴ Yon grenn ble ap sèlman pwodwi ble. Si ou se yon Kreyen, ou p ap fè sa. Ou pa ka fè l. Ou jis pa ka fè l. Ou gen yon lafwa entèlektiyèl epi w di: “Frè Branham, mwen kwè Bib la.” Lavi w di ke w pa kwè L. Amèn. Espri sediktè ki kont Pawòl Bondye a.

⁸⁵ Li te konnen ki kote l te kanpe, Miche te konnen. Li te gen Pawòl Bondye a. Li te yon nonm ki pat popilè ditou. Pèsòn pat renmen l paske li te di Laverite, poutan yo te renmen predikatè sa yo.

⁸⁶ Kounye a, yon lòt bagay ki te vin pran plas. Mwen kwè e m panse ke nenpòt nonm ki gen yon eksperyans ak Bondye, oswa yon fanm, dwe vin on tikal emosyonèl. Mwen jis kwè li. Se vre. Men nou konn kisa? Yo adopte emosyon pou batèm Sentespri a.

Tout sa yo genyen se anpil bri, e pa gen anyen ladan l. Jis viv sen menm jan ou viv nan bri, apre sa w ap kòrèk. Emosyon sètènman kòrèk; “egzèsis pou kò pwofite on tikal.” Men espri sediktè pran gaye sou gwoup moun sentete a, e yo fè yo jis ap repoze sou “paske yo ka rele” oswa “paske yo ka danse, paske yo ka manifeste emosyon.”

⁸⁷ Ansyen kanmarad sa a anba la a, chèf tout pwofèt sa yo, predikatè yo, li te tèlman sèten ke l te gen rezon, ke li te fè yon pè kòn pou tèt li epi li te danse toutotou li, epi li te fè yon pi gwo tapaj. Li ta pral pouse lòt lame Asiryen an sot nan peyi a. Men se te yon manti! Pawòl Bondye a te di yon bagay diferan. Amèn. Ou wè, ou ka gen emosyon egzak la, si se bagay jis la ki dèyè emosyon w lan, si se bon kalite emosyon an k ap ajì sou emosyon w lan.

⁸⁸ David te danse devan Seyè a, e madanm li te moke l. E Bondye te gade anba depi nan Syèl la, Li te di: “David, ou se yon nonm selon Pwòp kè Mwen.” Men motivasyon l yo te kòrèk. Lavi li te dwat, dèyè tou sa.

⁸⁹ Kifè, jis paske nou ka gen emosyon, pa vle di ke nou sove. Paske nou ale legliz, pa vle di nou sove. Pa kwè espri sediktè sa yo. Yon vrè Espri Bondye, yon vrè Pawòl Bondye, se Verite Bondye a; ki se yon Semans Bondye, ap pwodwi Bondye nan lavi nou; se pou n ranpli ak pyete, sanktifye, sen.

⁹⁰ Nou jwenn nan mitan anpil moun kote k gen emosyon, e latriye, la a gen tripotay ak medizans, ak tout kalite bagay enpi. Frè, sa se asid silfirik nan legliz la. Se pwisans demon. Yon espri kay gason ak kay fanm ki rasanble ansanm, epi k ap eseye enpoze yon bagay, k ap di: “*Sesi* pa kòrèk, e *sesi* pa kòrèk, e *sela a* pa kòrèk.” Si w remonte nan sous la, nèf fwa sou dis se moun lan menm k ap fè ajitasyon an, ki pa kòrèk. Amèn. Bondye rayi zizani nan mitan frè. Se pou n gen respè, se pou n sen, renmen Bondye, kanpe bò kote Li. E toutoutan nou konnen lavi nou ann akò ak Bib la, ke kè nou pwòp, yon panse pwòp, lanmou pou frè nou, n ap eseye fè tout posib nou pou edifye Wayòm Bondye a, epi n ap fè bagay sa yo, abiye byen, viv byen, pale byen, ale nan bon kote, alò nou ka gen tout emosyon nou vle, e tout moun ap kwè li.

⁹¹ Jezi te di: “Nou se sèl latè a. Si sèl la pèdi gou li, depi lè sa a li pa bon pou anyen, se pou l chase epi pou l pile anba pye lòm.” Si nou se jis sèl pou kont li, li pa bon. Men si nou gen gou a nan li, se pou nou sale epi mond lan ap swaf. Vin sale, y ap swaf. O la la!

⁹² Espri sediktè ki pral devan, demon ki degize. Gade, nou nan dènye jou a. Nou nan tan lafen an. Mond lan jis prèske pare pou l abouti, tankou yon bouton ki fè mal yon kote ki pral eklate youn nan jou sa yo epi nannan an soti ladan l. Li vin degoutan. Pa gen okenn pomad ki ka geri l. Yo refize sewòm lan—lan. Yo refize tretman an. Pran yon bouton k ap gwosi la a, e si nou pa pran

penisilin oswa yon bagay pou elimine l, oswa yon lòt bagay, l ap jis kontinye gwosi jouk li eklate.

⁹³ Se sa mond lan fè. Li te kòmanse, sa pa fè lontan, ap lage sa. Yo te anbake nan gwo tonton lide, fo espri antre epi kòmanse di moun yo *sesi, sela*, oswa se *lòt bò*. Nou te divize an nèf san e kèk denominasyon diferan, chak grenn ak yon opinyon diferan. Yo di: “Nou kwè *sa a*, pwen final! Se tout sa nou kwè.” Yo pa ka kite Sentespri a antre. Yo pa ka gen priyorite. Bondye gen yon bann moun ki te ka rele, alò tout moun te dwe rele. Yo gen kèk ki te ka pale an lang, alò tout moun te dwe pale an lang. Yo tout vin menm jan, jouk li vin (kisa?) kontamine absoliman ak espri sediktè, k ap sedui moun yo pou fè yo pwodui emosyon sa yo alòske Bondye pa ladan l ditou. Alò yo soti epi yo viv nenpòt kalite vi yo dezire viv, epi yo rele sa “Kretyen.”

⁹⁴ E mond lan chita epi yo gade, yo di: “Ebyen, gade la a! Mwen bon menm jan avè yo.”

⁹⁵ Tankou m te di lòt jou swa a sou kochon an, sou pechè a. Nou pa ka blame . . . Yon pechè se yon pechè. Pa eseye refòme li. Pa eseye di li *sesi, sela*, oswa se *lòt bò*. Li se yon pechè, pou kòmanse. Li se yon kochon, pou kòmanse. Li pa konnen okenn diferans. Si l ale nan sinema, epi l ale nan dimanch, epi l ale nan match bezbòl, epi li fè tout bagay sa yo, li se yon pechè, pou kòmanse. Nati li tankou yon kochon. Vye kochon an kole nen li nan yon pil fimye epi manje tout grenn ki sot ladan l, ak tout bagay; ebyen, sa, li se yon kochon. Ou pa ka blame li. Li se yon kochon. Se konsa pou pechè yo. Men lè w ale epi w rele tèt ou yon Kretyen, epi w kole nen w ladann avèk li, alò ou pa pi bon pase li, men, ou pi mal. Soti nan milye sa. Lage mond lan. Lage sa. Ke Bondye gen kontwòl. Lage sa.

⁹⁶ Kijan ou lage sa? Tèlman anpil moun ap mande tèt yo jodi a, ap di: “Ebyen, Frè Branham, kijan ou lage sa?” Mwen konnen nou te tande anpil teyoloji sou li: “lage sa.” Anpil moun jis ap swe, nan eseye lage sa. Anpil moun vini epi yo di: “Mwen ta pral fè yon jenn karant jou pou ke mwen ka fè yon bagay.” Ou pa bezwen yon jenn karant jou. Ou bezwen lage mond lan ak tout bagay dyab sa yo, epi pran Pawòl Bondye nan kè w. Yo dwe anseye nou kijan pou n fè sa. Ou pa fè l nan sote ponpe, nitou w pa fè l nan yon jenn karant jou. Ou fè li pa yon kè ki soumèt bay Bondye Toupwisan an.

⁹⁷ Tankou yon ti bebe. Mwen te remake ti bebe m lan dèyè a la a, manman l tap eseye mete ti vès li a sou li, maten an. Li te vle fè vyep ti bra li antre nan manch lan. Li pat ka mete bra l anndan la a; li pa konn kòman. Ou dwe gide ti bra li. Li vle fè bra li antre la a, men li jis ap lite toutotou li. Li pa janm rive nan manch lan. Li konnen li pa nan manch lan.

⁹⁸ E kifè èske nou konnen ke nou pa dwat ak Bondye, lè nou toujou ap fè medizans, ap bay manti, ap fè tout bagay. Nou pa

ka dwat ak Bondye, sa pa gade m konbyen legliz nou fè pati, jiskaske nanm nou vin konvèti. Frè, sa se ansyen mòd la, men se sa k ap fè nou bouyi epi mete soup nan nanm nou. Egzak!

⁹⁹ Li eseye mete bra li anndan, li dwe gen yon moun pou dirije li, kòman pou l mete bra l anndan. Alò lè li fè bra l antre nan ti vès la, li konnen li kòrèk.

¹⁰⁰ Se konsa li ye pou chak Kretyen ki ne de nouvo. Lè li vrèman antre nan Bondye, li konpare lavi li ak Pawòl Bondye a e li reyalize li aliyen ak chak ti pwèn nan Li. Li gen pasyans, jantiyès, trankilite, dousè, pwisans, lafwa, lanmou, lajwa, lapè. Li pa balote tankou yon lanmè ajite. Li pa enkyè pou chak ti bagay. Li p ap sote *isi a* ak *la a*, tankou yon bouchon lyèj ki sou yon oseyan van ap vante. Li inebranlab. Kè li pi. Pansè li pi. Entansyon li pi. Chwa li jis. E li konnen li aliyen ak Pawòl Bondye a. Tout lanfè pa ka bouje li. Li aliyen pa Pawòl Bondye a. Li gen lanmou Diven, pite nan kè li, pou chak gason ak fanm. Li gen . . . Li evite bagay ki nan mond lan, yo mouri pou li; li pa vle yo ankò. Enben, nou pa tap ka fè yon fi ranpli ak Sentespri mete yon pè nan rad endesan sa yo epi soti avèk sa a pou anyen nan mond lan. Non, mesye.

¹⁰¹ Bon, sa p ap itil anyen pou al di l li antò, paske li p ap kwè w, paske se tout sa li konnen. Se lajwa li. Fanm lan mete ti bagay sa yo; yo soti, nan aswè, jis lè mesye yo ap antre lakay yo; y ap vini jis pou koupe zèb nan lakou a, kifè jan . . . Epi ou di m sa a kòrèk? Madanm, mwen pa vle di ou—ou move moun. Mwen pa vle di ou imoral. Men ou pa reyalize, sè, ke yon espri enpi met la men sou ou. Poukisa ou tap fè li? Ou gen sans ase pou w konnen ke li pa pi fre. Li pi cho. Gen yon espri enpi.

¹⁰² Ou di: “Mwen? Mwen, m te ale legliz!” Nebuchadnezzar te yon gran òm. Men, paske li te vin ògeye, Bondye ba li espri yon bèf, epi kite l manje zèb pandan setan, e zong li te pouse tankou kèk nan medam sa yo fè bò *isi a*. Se vre. E li te vin posede ak demon.

¹⁰³ Yon nonm te vin posede ak demon epi li te retire rad sou li. Yo pat ka mete rad sou li. Èske nou wè kisa m vle di? Se espri sediktè.

¹⁰⁴ Legliz ou tolere sa. Predikatè w la pè di yon bagay, li pè pou w pa peye dim ou ankò. Se rezon an sa. Se pwoblèm lan sa. O la la, woy! Kijan ou pral preche bay yon bann biz, sòf si ou fè yo konvèti epi mete yo an règ ak Bondye, pou kòmanse? Yo va pase tout tan yo ap fouye nan bagay ki mouri. Sa nou bezwen se yon vidanj, epi ke yon revèy ansyen mòd travès peyi a soti nan lès al nan lwès, epi fè gason yo ak fanm yo mete yo an règ ak Bondye. Lage sa, bagay mond lan! Lage sa, ti predikasyon k ap pedale dousman an. Amèn. Preche Levanjil la. Bondye te di sa. “Si nou renmen mond lan, oswa bagay mond lan, lanmou Bondye pa menm nan nou.”

105 Moun ka sote ponpe, epi rele tout lannwit, epi pale an lang kòm si yo tap vide pwa sou yon po vach ki sèch; repati drèt, nan demen maten, ak ase kòlè pou l goumen ak yon si pou koupe bwa, ale drèt epi di yon bagay nan legliz la k ap lakòz tout legliz la kraze. Se pa anyen nan mond lan ke espri demon sediktè! Nou dwe retounen nan Pawòl la, kote Bondye se pite, sen. Amèn. Se vre. Espri sediktè yo ki kont Pawòl Bondye a!

106 Gen yon nonm, sa pa fè lontan, ki te mennen yon ti madanm . . . Katolik yo gen yon douzèn bò la a. Nan tan menopoz li, sa soti nan men li ak nan fwon li. Si yon bon predikatè Sentespri . . . Mwen te panse. Mesye sa a te gen yon boutèy ranpli ak bagay sa a, ki t ap sot nan men manzè a, li t aprale toupatou pou wenn moun yo avè li. Fiou! Mizèrikòd! Se antikris! Sa pa gade m si san an soti nan nen manzè oswa sot nan tèt li, oswa nenpòt kote, frè, pa gen san k ap pran plas Jezikri Pitit Bondye a. Se sèl San ke m konn yon bagay sou Li. Manzè te ka gen lwil kap vide sot nan yon men, ak diven sot nan lòt la, men, si nou itilize li nan yon fòm relijyon, se dyab la. Pou wè kijan predikatè ap tonbe pou yon bagay konsa!

107 Sa nou bezwen, se pou nou tounen nan Liv Gid la, tounen nan Pawòl Bondye a! Sa se Pawòl Bondye a, ansyen Bib beni a. Ou di: “Ebyen, mwen pè vin sa, Frè Branham. Mwen pè pou m pa pèdi enpe nan lajwa mwen.” Kisa k pwoblèm lan? Ou pa konnen kisa lajwa ye.

108 Mwen te di mwen pa kondane tafyatè a poutèt li soti epi li vin sou. Li tou pa sou bon san l. Li pa konnen. Li leve, yon jou maten, li gen kè sere, yon mal makak. Li soti epi l al dèyè de oswa twa boutèy byè pou tèt li, epi li soti epi l al dèyè kèk wiski pou tèt li, ak tout kalite bagay konsa.

Ti espès fimè sigarèt sa ki chita la epi k ap fimen an, epi li fè sa soti nan nen li tankou yon tren machandiz. Se tou. Mwen pa blame li; se tout lajwa li konnen. Se tout sa li konnen. Li se yon kochon, pa nati.

109 Wont pou nou ki pretann nou se Kreyen epi ki apiye sou bagay konsa pou lajwa, alòske Levanjil Sentespri a pa anyen ke yon gwo tonton santral k ap pwodui lajwa. Levanjil Sentespri a se yon entoksikasyon pafè pou chak nonm ki gen kè sere. Si nou pran yon bweson nan Levanjil Jezikri a, ke nou ranpli ak Sentespri a, n ap sou jiskaske nou kite mond sa a, amèn, lajwa moun pa ka eksprime epi ki plen ak laglwa. Gen yon estimilasyon san rete. Se yon entoksikasyon san rete, ou sou lajounnen kou lannwit! Amèn. Se Pawòl Bondye a sa.

110 Legliz la apwoche, pou li adopte lòt bagay. Yo dwe gen yon ti fèt kote yo tout soti al nan plaj, pou gen distraksyon. Yon fèt pou jwe kat ansanm, pou fratèize. Se vre. Gen yon dans, pafwa, nan kay youn nan manm yo, pafwa nan sousòl legliz la. Yon dans, adopte, eseye jwenn yon bagay pou satisfè yo. Kisa k

pwoblèm lan? Yo se yon gwo bann kochon, tout jan. Yo se kochon, pou kòmanse. Si yo te janm antre an kontak ak Kris, yo tap gen tèlman anpil lajwa, bagay sa yo tap mouri epi antere, pou yo. Levanjil la, sou ak Lespri a, lajwa moun pa ka eksprime a ak plen laglwa.

¹¹¹ Piga w kondane pechè a; gen pitye pou li. Kite l ale epi fimen pip li, kite l bwè tafya li, kite l gen fèt kat li. Sa se plezi li. Pa blame li. Lè l antre lakay li epi tout bagay, fatigue epi bouke, li vle yon ti kras plezi. Bagay pou nou fè se viv yon vi tèlman sanktifye ke nou ka pwouve li ke Levanjil la genyen di mil fwa plis pase sa, pou li. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] E si li mouri nan eta sa a, li pral nan lanfè, sou tafya li. Sa se entoksikasyon dyab la. Si lè lanmò li, li nan rale vye pip sa a ankò, Bondye se Jij yo. Si lè lanmò li, li nan soti isi a, pral danse ankò, epi pral mache ak rad imoral yo sou li ankò, Bondye se Jij yo.

¹¹² Men gen yon sèl bagay, si ou mouri anba onksyon Pwisans Sentespri a, tankou Etyèn te fè lè li te gade anlè epi li te wè figi Bondye, li te di: “Mwen wè Syèl la louvri, e Jezi ki kanpe sou men dwat la,” ou nan wout pou al nan Syèl la, tankou yon iwondèl ki pral nan nich li. Amèn.

¹¹³ Espri sediktè ki kont Pawòl Bondye a! Lage sa, kite l ale. “Kijan pou w fè l Frè Branham?” Jis kite l ale. Se tout sa w dwe fè. Pran Pawòl Bondye a. Pa eseye fabrike anyen. Pa mete w ajenou devan lotèl la epi pou ap frape sou li, rele byen fò: “Bondye, ban m Sentespri a! Seyè, ban m Sentespri a!” Li p ap vini, lè w ap frape sou lotèl sa a. Sa p ap sèvi anyen. Non. Se pa fason sa Li vini an. Se, pran L sou Pawòl Li!

¹¹⁴ Gade Pyè. Pyè te nan pwoblèm, te sanble tankou li ta pral mouri. E li te wè Seyè a k ap vini, ap mache sou dlo a. E li te di: “Seyè, si se Ou, mande m pou m vini.”

Seyè a te di: “Vini.”

¹¹⁵ Alò Pyè te di: “Bon tann yon minit, Seyè, kite m al fè yon jenn karant jou, pou m wè si m ka mache sou dlo sa a, oswa non. O Seyè, kite m gen ase Lespri sou mwen, pou m ka danse nan Lespri epi pale an lang, nan bato sa a, ansuit mwen ka mache soti””? Non, mesye! Li te pran Bondye sou Pawòl Li, lage sa epi kite l ale. Bondye te fè l travèse.

¹¹⁶ E si Bondye te rankontre Moyiz, epi L te di: “Moyiz, desann la a nan Lejip, epi di Farawon: ‘Kite pèp Mwen an ale’”? E si Moyiz te di: “Kite m al fè yon jenn karant jou, anvan, epi pou m wè si m gen lafwa ase pou obeyi W, Bondye. Ban m yon bagay, yon lòt bagay, Seyè. Kite m di W yon bagay, kite m wè si m antre nan Lespri a, anvan””? Moyiz pat janm poze okenn kesyon, li te jis pran Bondye sou Pawòl Li, epi li te derape. Se fason sa a ou dwe fè li, pran Bondye sou Pawòl Li. Apre sa ou va konnen ke ou kapab fè li. Li pat tann jouk yon lòt bagay te rive, li te jis pike devan epi li te fè li.

117 E Eli, lè li desann Mòn Kamèl la, alòske li te anwo la a depi lontan? E li te rankontre yon fanm vèv pòv. Manzè te yon. . . Manzè te yon etranje, yon Moun lòt Nasyon. E lè li te rankontre li anba la a, manzè tap ranmase kèk moso bwa, nan lakou a. E Bondye te di li: “Desann la a al nan kay vèv sa a.” Ala yon plas pou predikatè a ale!

118 Men li desann la a al kay vèv la. E lè manzè te fè sa, li te gen de moso bwa. Li te di: “Kisa w ap fè?”

119 Li te di: “M ap ranmase kèk moso bwa. Mwen gen jis ase farin pou m fè kèk gato mayi. Se tout sa m genyen ki rete. Gen twa lane depi nou pat gen okenn lapli.” Epi li te di: “Aprè sa mwen pral fè gato mayi sa yo. Epi mwenmenm ak pitit gason m lan pral manje yo, epi mouri.”

120 Li te di: “Fè youn pou mwen, an premye!” Alelouya! O, mwen konnen mwen on ti kal fou, men mwen sou bò Seyè a, tout jan. Li te di: “Fè youn pou mwen, an premye. Paske, ENSI DI SEYÈ A.” Men ni.

121 Kisa l ye? “Chache an premye Wayòm Bondye a, ak jistis Li.” Pa Wayòm Bondye a ak “yon ti bri,” pa Wayòm Bondye a ak “yon ti emosyon,” pa Wayòm Bondye a ak “yon ti *sesi* oswa *sela*.” Men: “Bondye, ak jistis Li, e tout lòt bagay sa yo ap ajoute pou ou.” Mete an premye!

122 Bon, vèv sa a te tande sa. “Lafwa vini pa tande, tande pa Pawòl la.” Li te di: “Sa se Pawòl Bondye a, paske se yon òm sen Bondye. Sa se pwofèt Bondye a, e mwen konnen se Laverite. E se Pawòl Bondye a.”

123 Bon, li pat kouri travèse pou mande vwazen yo kijan pou fè li. Li pat vle al pataje pa l. . . epi di vwazen yo, pou di: “Bon, kisa nou panse? Predikatè a lakay mwen, ap di *sa a*. Susie, kisa w panse de *sa a*?”

124 Li te antre, li kòmanse debarase. Li lage sa. Li lage sa li te genyen an, konsa li te ka gen plis. Se sa mond lan bezwen jodi a, se yon bon seyans nan ansyen mòd kote nou lage sa nou genyen. Alelouya! Li te debarase, konsa li te ka vin ranpli. Li te vide tout lwil li te genyen an, ak tout lwil li te genyen ak tout farin li te genyen, bay pedikatè a, bay Wayòm Bondye a. E lè li te vide tout anndan la a, Bondye desann, Li te ranpli barik farin lan, Li te ranpli krich lwil la. Li te vide l ankò, nan plat predikatè a. E Li te vini, te ranpli l ankò. Li te vide l anndan. Chak fwa manzè te vide, Li te ranpli.

125 M ap di, jodi a, si lòm vle debarase l de tout tenten ki nan eksitasyon sa a, ak imitasyon Krisyanis sa, epi kite Sentespri a pran plas Li, pral gen yon revèy ki kòmanse sou Uityèm Ri ak Penn k ap repann nan tout peyi a. Sispann tenten an. Tounen nan Pawòl Bondye a. Vide tèt ou, konsa ou ta ka ranpli. Lage sa, e Bondye ap kenbe sa. Vide tèt nou, Bondye ap ranpli. Tout bagay san sans sa yo, nan: “Ou dwe fè *sesi*, epi ou dwe fè *sela*;

e nou ta dwe fè *sesi* epi nou ta dwe fè *sela*.” Bliye sa! Vide l soti nan nanm nou!

¹²⁶ Di: “Bondye, kite m, apati de sa nèl . . . jou sa a, pou m pou Ou an antye. Seyè, mwen vini avèk yon kè kase. Mwen vini ak yon espri kontri. Mwen renmen Ou. Ou konnen mwen renmen Ou. E mwen vle bliye tout foli sa a de tout jenn karant jou sa yo epi wè si mwen ka vin pi pre Bondye, ak tout *sesi*, *sela*, se lòt bò, tout tenten sa a.”

¹²⁷ Kanpe sa! Pa gen anyen nan Pawòl la ki di nou pou n fè yon jenn karant jou. Pa yon bagay. Pa gen anyen nan mond lan ki di nou pou n jene, sòf si Bondye ta di nou. Si nou jene, nou p ap vin grangou, ak tout rès bagay sa yo. Antan w ap jene, frè, w ap nan lajwa ak kè kontan tout tan. Li te di: “Pa parèt devan lèzòm tankou ipokrit fè, ak yon figi long, chagren. ‘Mwen sou yon jenn karant jou. Dantye m yo p ap bon pou mwen ankò. Mwen pèdi trant liv, e yo te di m mwen parèt pi byen apre sa a fini.’” O, tenten! Se espri sediktè dyab la.

¹²⁸ Avanse al devan lotèl la, epi di: “glwa, glwa, glwa” jouk nou pa ka apèn di anyen lòt, epi di: “Nou dwe pale an lang anvan nou gen Sentespri a.” Tenten! Vide l soti!

¹²⁹ Fè sa soti nan sistèm nou epi vin nan Pawòl Bondye a! Li te di: “Repanti, chak grenn nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a.” Si Bondye pa kenbe Pawòl Li, Li pa Bondye. Amèn. Vide tèt ou. Vin ranpli. Amèn. Fiouw! Mwen renmen sa. Se Pawòl Li sa. Bondye te di sa. Se vre. E lè Bondye te di sa, Bondye ap okipe de sa. Trè byen. Tout preparasyon nou fè yo, tout ale legliz nou ka fè . . .

¹³⁰ Se jis tankou anba isi a nan izin kote yo fè gwo bwat vagon yo ak gwo machin ki pote anpil pasaje yo, oswa, yon gwo pakèt machin pou pasaje. Mwen te konn travay la a. Epi yo pran epi yo bati gwo bwat vagon sa yo ak tout bagay, epi yo mete bwa di, akajou ki plake toutotou li, e tout bagay tèlman bèl, yo te mete l la a sou ray la, e li te mouri menm jan ak yon klou pou pòt. Men lokomotiv la te la a, nanpwen vapè nan li. Li jis chita la a.

¹³¹ Sa li bezwen jodi a se dife anba chodyè a. Sa li bezwen jodi a se kèk vapè. Sa li bezwen jodi a, legliz la, se pou l bouyi; bagay ki pi cho k ap bouyi ki genyen an pou bouyi peche a fè l soti nan lavi nou, se lanmou. E si nou pa ka renmen youn lòt, kijan nou pral renmen Bondye Ke nou pa wè? Lanmou kache yon bann ak on pakèt peche. Vin nan renmen ak Bondye, apre sa n ap renmen youn lòt, apre sa n ap renmen legliz la, n ap renmen Kòz la, n ap renmen tout bagay ki sen, epi n ap rete lwen bagay mond lan.

¹³² Espri sediktè yo ap pwomennen di moun yo *sesi*, *sela*, oswa se lòt bò, “Yo dwe fè *sesi*. Yo dwe fè *sela*.” Se paske denominasyon yo kanpe, epi yo gen yon ti revelasyon ki fè yo di: “Ebyen, kounye a, mwen kwè ke yon nonm . . . Mwen kwè nan yon bagay konsa tankou rele nan Bib la.” Se vre. Se laverite. Yo te fè yon

denominasyon avè li: “Lè ou rele, ou genyen L.” Men ou pa genyen L.

¹³³ Pwochen an leve, li di: “Pale an lang.” Se vre. Sa nan Bib la. “Ebyen, lè ou pale an lang, ou genyen L.” Men anpil nan yo te pale an lang epi yo pat genyen L. Ou wè? Se pa Li. Non, mesye.

Anpil nan yo te di: “Ebyen, nou dwe pwofetize.”

¹³⁴ Gade pwofèt sa yo isi a ak kòn sou tèt yo, y ap sote ponpe epi ap pwofetize. Miche te di: “Nou, chak moun, ap bay manti.” Amèn. Egzak. Bondye pa vin konsa. Bondye vini nan kè sensè ki vin ak yon espri kontri, brize. “Sila ki ale devan, ap simen ak dlo nan je, ap san dout retounen ankò ap rejwi, ap pote avè l jèb ki presye.” Amèn. Konprann sa byen, zanmi.

¹³⁵ Si tèlman gen demonoloji, demon k ap travay nan nanm imen yo! Gade kote li pote fwi li yo. Gade ki kalite lavi yon moun ap viv. Wè fason y ap kondui yo, gade fason y ap aji, wè kisa motif yo ye. Li jis osi enposib. . . E si mwen te di nou ke: “Sèl fason an. . . Men machin yo chita la a, tout aliyeen isi a. Syèl la se nan Charlestown. Nou pa ka ale a pye. Sèl fason nou ka ale, se nan yon machin. E chak nonm ki travèse liy lan dwe pote senk galon gazolin.” Men machin li, men si li pa gen gazolin li pa ka fè l kouri. Ebyen, se egzaktèman sa, se pafètman konsa li ye nan Syèl la. Si nou mouri san Bondye, sa pa gade m kijan nou te viv ak konbyen machin nou te konstwi, si lanmou Bondye a pa la pou rale nou nan Wayòm Bondye a, nou pèdi.

¹³⁶ Gen yon negatif ak yon pozitif. Sa pa enpòtan ki kantite kouran pozitif ki sikile isi a, si li pa gen yon fil tè, li p ap janm limen. Se vre. Nou dwe anrasine, ankre nan lanmou Bondye a. O, frè! Mennen negatif ak pozitif sa a ansanm, n ap gen yon Limyè, bon Limyè Levanjil ansyen tan an. Kite L gaye sot nan yon rivaj al nan yon lòt. Nou p ap janm genyen L san li. Sa pa enpòtan konbyen souke ak sote nou ka fè ak pozitif la, nou dwe gen fil tè a pou flache Limyè a. Amèn.

¹³⁷ Nou janm remake? Mete yon fil tè isi a sou sa a, e tout sa pral desann isi a nan sou estasyon an, dwat anba tè a. E chak fwa yon nonm vin anrasine epi ankre nan Pawòl Bondye, li anrasine epi ankre li nan Kalvè a, laba a, kote ankray la, poto atach Bondye a te pote la a, pou flache Limyè Levanjil la. Amèn.

¹³⁸ Nou konn kisa k pwoblèm lan? Moun nan gwo tonton mòg frèt fòmèl sa yo laba a, ki pretann y ap preche Levanjil la. Yon ti predikatè vin jwenn mwen ayè, li fè pati youn nan pi gran denominasyon ki gen nan peyi a jodi a, andeyò de Katolik. Li te di: “Frè Branham, mwen bouke atò.” Li te di: “Yo pral fè nou tout predikatè mete soutàn epi vire kòl nou tounen, epi—epi preche sèten bagay. E y ap di nou sou kisa pou n preche, chak trimès.” Li te di: “Mwen pa ka sipòte l ankò.” Li te di: “Kisa mwen dwe fè? Èske mwen dwe kòmanse preche Levanjil la?”

139 Mwen te di: “Frè, toutotan ou avèk denominasyon sa a, respekte li. Di jis sa yo dwe di. Men mache al kot ansyen w lan oswa sientandan leta w la, epi di: ‘Mesye, mwen ne de nouvo ak Lespri Bondye a. Men Pawòl Bondye a. Si w ap kite m preche Sa, m ap rete nan legliz ou a. Si w pa fè l, m ale. Ranplase m pa yon lòt moun.’” Se fason sa pou fè l. Pa detounen pawòl la. Pa negatif. Pwononse w epi di sa l ye a. Egzak.

140 Li te di: “Frè Branham, ou panse mwen ta gen yon asanble?”

141 Mwen te di: “Kote Kakas la ye, se la Èg yo ap rasanble.” Se vre, y ap swiv.

142 Tankou mesye a, yon fwa, ki t ap fè ti poul yo kale. Bon, se pa yon blag. Mwen pa vle di sa pou yon blag. Mwen vle di sa pou pote yon pwèn. Li ta pral fè poul li a kouve, e li pat gen ase ze. Li mete yon ze kanna anba youn. E lè yo tout te fin kale, kanna a te bagay ki te parèt pi dwòl ke ti poul yo te janm wè. Kifè poul la tap kakaye pou relè ti poul yo e ti poul yo te vini, men kanna a pat konn langaj sa a. Men, yon jou, vye poul la te mennen yo dèyè granj lan. Te gen yon ti pas dlo laba a dèyè granj lan. Lè ti kanna sa a te pran sant dlo sa a, li te fonsè nan dlo a ak tout vitès li te ka ale. Vye poul la te di “kòt, kòt, kòt.” E ti kanna a te di “kwen, kwen, kwen.” Li te pran direksyon dlo a. Poukisa? Li te yon kanna, pa nati. Lè li te pran sant dlo a, frè, li pat ka rete lwen li, paske li te yon kanna.

143 E mwen di jodi a, nenpòt moun ki vle vrèman jwenn Bondye, yo p ap kite okenn legliz dikte yo bagay ke yo pa ka viv, *sela* oswa se *lòt bò*. Si w gen nati Bondye nan ou, ou prale nan sentete. Ou pral nan bagay kòrèk la. W ap kanpe pou bagay kòrèk la. W ap fè bagay kòrèk la. W ap panse bagay kòrèk la. W ap viv bagay kòrèk la. Si w se yon kanna, ou renmen dlo. Si w se yon Kreyen, ou renmen Kris. Si w se yon demon, ou renmen bagay dyab la. Si w se yon biz, ou manje bagay mouri. Si w se yon kochon, w ap manje fimye. Ki kote w ye jodi a? Egzak. Ou pretann ou anwo isi a, ap manje bagay Seyè a, apre sa ou desann pou w fouye ak dyab la. Gen yon bagay ki pa mache avè l. Sispann koute espri sa yo; yo se demon. Sa pa enpòtan si ou dwe kanpe poukont ou. Gason ak fanm ki te janm rive nan yon bagay, prèske, te gason ak fanm ki te kanpe poukont yo ak Bondye.

144 Gade Miche, kijan li te kanpe la a; pa tankou wòch Gibraltar la, men Wòch Aj yo. Li te di: “Mwen p ap di anyen. . . Sa pa gade m kisa seminè a di. Sa pa gade m kisa asanble mwen an di. Sa pa gade m kisa wa a di. Si yo koupe tèt mwen, m ap sèlman di sa Bondye mete nan bouch mwen pou m di.” Li te gen rezon. Li te gen rezon.

145 E jodi a, gason ak fanm, pa bay okenn atansyon a sa mond lan gen pou nou, ki tretman li genyen, ki kalite enjeksyon bakteri yo genyen, epi yo pretann: “Si w vin fè w manm nan legliz la, w ap kòrèk.” Se yon vaksen ki fo. Poukisa? Ou toujou gen maladi

peche a. Se vre. Men m ap di w yon bagay, frè, ki va vaksinen w kont peche, se, vini nan presye San Seyè Jezikri a epi se pou w ranpli ak Sentespri a, e l ap vaksinen w kont tout peche, e dezi ou ap lye ak Syèl la, e ou p ap gen okenn tan pou bagay mond lan.

Annou lapriyè.

¹⁴⁶ Papa nou ki nan Syèl la, lè nou wè espri sediktè sa yo sou moun yo, e nou konnen ke y ap meprize bagay Bondye yo, mwen priye, Bondye, ke W va sezi chak gason ak fanm anndan isi a jodi a. Kite sa a se yon jou, Seyè, ke y ap reyalize ke lavi yo pa konfòm ak Pawòl la. E yo tap koute move bagay la, ke dyab la tap trankilize yo ak vye magazin Istwa Reyèl yo, vye tentennad pouri mond lan, epi vye sinema ak televizyon sal. O Bondye, bagay enposib konsa pou yon Kreyten gade! Bondye, sa fè nou malad. Ou te di li te fè W malad, tankou pou vomi. Ou te di: “Yon chen al nan vomisman li, e yon—e yon kochon al nan labou li.” Yon vye chen ap vomi yon bagay. Pou wè yon vye moun ki ne a mwatye, se sa li pretann, ipokrit, ki vin devan lotèl la, e se tankou ou ta pral vomi mond lan; yo repati drèt, yo tounen drèt epi manje bagay la ankò. O Bondye, netwaye Kay Ou, Seyè. Alélouya! Voye Sentespri a ak konviksyon ansyen tan konsa k ap netwaye apeti yon nonm epi netwaye nanm li, e netwaye li epi fè l yon kreyati ki lye ak Syèl la. Ba li . . . Renouvle jenès li ak ve li tankou èg la, konsa li te ka leve monte epi depase bagay mond sa a, epi vole wo nan Syèl la laba a kote li ka wè pwoblèm yo kap vini a distans. Akòde li, Seyè.

¹⁴⁷ Ou te konpare pwofèt Ou yo ak yo, ak èg, ki te gen je yon èg, ki te ka ale anwo nèt epi wè bagay lontan anvan li te rive la a. O Bondye, beni ti legliz sa a. Beni moun sa yo ki vin isi a. Beni etranje yo nan pòtay yo jodi a. E kite yo konnen ke Mesaj sa a pat dirije a okenn èt pèsonèl, men te dirije espesyalman, Seyè, a sila yo ki nan bezwen fon; nan konnen ke yon jou nou dve kanpe ansanm nan jijman Bondye a, e konnen ke y ap rann nou responsab poutèt nou konnen Verite a epi nou pa di Li. Papa, mwen priye ke yo chak ap pran Sa a kè. Nan Non Jezi.

¹⁴⁸ Ak tèt nou koube jis yon moman, mwen mande m si gen yon moun isi a maten an ki ta di: “Frè Branham, mwen malad epi m bouke ak vye ti bagay sa yo. Mwen gen ti bagay ki trennen sou mwen pandan tèlman lontan. Mwen—mwen toujou ap pale nan move moman. Mwen—m ap fè bagay mwen pa ta dve fè, e mwen konn sa. Li pa kòdyòm pou yon Kreyten. Mwen pa vle fè sa; Bondye konnen mwen pa vle. E mwen pa vle koute vye espri sa a ankò. Se bagay ki kenbe m atè tout lavi mwen, ki anpeche m gen vrè lanmou ak libète nan Kris. Mwen vle pou w priye pou mwen, Frè Branham, ke l ap—l ap kite mwen jodi a.” Èske nou va leve men nou? Chak tèt bese. Bondye beni nou. O la la, plizyè douzèn men! Vye ti bagay piti, vye ti bagay ki fè w pale oswa kòmanse kèk kalite ti kont nan legliz la, ki fè nou fè patipri pou yon lòt bagay konsa. O, sa pa bagay Bondye. Sa se zizani nan mitan frè.

E pa fè sa. Nou pa vle sa. Nou pa vle sa ak vye ti bagay, vye ti kòlè ak tout lòt bagay, pou kenbe nou atè.

¹⁴⁹ Di: “Bondye, mwen pa vle bagay sa a ankò. Mwen malad epi m bouke avè li. Mwen pare jodi a pou debarase de li. M ap vini kounye a, Seyè, e mwen vle elwaye de tout egoyis mwen. Si frè m pa trete m byen, m ap priye pou li kanmenm. Si papa m pa trete m byen, m ap renmen l kanmenm. Si madanm mwen pa trete m byen, oswa mari mwen, mwen prale byen enb, devan Bondye. Seyè, mwen gade sèlman a Wayòm Ou. Mwen vle lespri m dwat. Mwen vle kè mwen plen ak lajwa. Mwen vle ale pi devan, lè pwoblèm ap boudonnen toutotou mwen, mwen toujou vle rete ak men m anlè ak kè m pi devan Ou, Seyè, nan konnen sa, ke yon jou m ap rankontre Ou. Mwen vle kalite eksperyans sa a. Seyè, fè mwen sa, apati de jodi a.”

¹⁵⁰ Èske w ta vle leve men ou, yon moun ki pat leve men yo sa fè yon moman. Bondye beni w. Bondye beni w. Sè, ban nou yon ti akò pandan nou gen tèt nou koube. Nan ki pwen nou vrèman panse sa? Pa jwe kounye a. Sa pa yon tan pou jwe. Sa se yon tan pou resevwa. Sa se yon tan ke nou dwe genyen Li. Vini, vide li touswit. Nou vle? Vini, bay Bondye tout sa nou genyen. Di: “Bondye, mwen pa gen anpil. Mwen jis yon ti madanm andedan kay. Mwen pa ka fè anpil, Seyè, men mwen—mwen ka li Bib Ou, mwen ka priye chak jou. Mwen ka jete tout fatra ki nan lespri mwen. Mwen ka jete tout bagay sa a. Mwen koupab de anpil bagay ke predikatè sa a te di maten an, kifè mwen—m ap vide l jodi a. Mwen pa vle li. Bondye, ranpli mwen ak lanmou. Ranpli mwen ak bagay ki fè mwen renmen lènmi ki pi anmè mwen genyen an. Mwen vrèman vle sa, Seyè.”

¹⁵¹ Pandan manzè ap priye isi a, èske nou pa vle vini kounye a epi kanpe nan lotèl la jis yon moman, pandan nou rasanble ak yon mo priyè. Si nou vrèman panse sa kounye a, si nou vrèman pare pou abandone li, nou p ap janm kite lotèl sa jodi a ak sa sou kè nou, si n ap vini sensè. E di: “M ap monte isi a jis pou kanpe, jis yon minit, Frè Branham, wi, pandan ou gen yon mo priyè avè mwen, pèsònèlman.” Mwen—mwen vle nou vini, priye. Èske n ap vini kounye a? Ak tèt nou koube, kimoun k ap leve epi vin devan lotèl la, kanpe arebò lotèl la?

Pa kite mwen, O bon Sovè,
Koute kriye enb mwen an;
Kon Ou okipe lèzòt yo,
O, pa pase lwen mwen.

Sovè, Sovè,
Koute kriye enb mwen an;
Kon Ou okipe lèzòt yo,
O, pa pase lwen mwen.

¹⁵² Sa pa enpòtan pandan konbyen tan ou te yon Kreyen, e ou toujou gen vye ti espri sa yo k ap pale avè ou, fè w vole eklate,

fè w pale sou yon moun. Lè yon moun vini epi al pale sou yon lòt moun, ou rantrè al jwenn yo dwat ladann e, o, ou jis denigre yo. Sa pa bon, frè. Pa fè sa. Sa ap kenbe w finalman andeyò Tè pwomès la. Si ou jis gen yon vye ti bagay ke ou pa ta dwe genyen, si lanmou Bondye a vrèman pa nan kè w, èske nou pa ta yon dam ak yon mesye ase, pou pwoche epi di: “Bondye, isi a menm mwen pral vide li, maten an, isi a menm. Mwen pral elwaye de lotèl sa a yon moun diferan.” Èske nou ta vle vini?

¹⁵³ Èske gen yon pechè ki pat janm asepte Jezi, e ou konnen ou se yon pechè, ou pa konnen Li kòm Sovè ou? Ou di: “Frè Branham, wi, mwen te panse mwen te gen anpil plezi. Mwen ale nan dans ak fèt ak tout bagay sa yo. Mwen gade move kalite emisyon. E mwen—mwen li move kalite literati. Mwen li vye liv ki gen istwa vilgè ladan l. Mwen on jan pran plezi nan li li.” Frè, gen yon bagay ki pa bon avè ou. Se apeti ou; ou wè, kite m wè kisa yon nonm li, kite m wè kisa li gade, koute mizik li koute.

¹⁵⁴ Lòt jou a, mwen tap vini la a nan yon machin, yon sèten moun te rive la a epi te louvri radyo mwen, yon kalite vye mizik vilgè. Mwen te di: “Fenmen bagay sa a. Mwen pa vle tandè sa.” Yon vye bagay boogie-woogie.

Li te di: “Enben, mwen renmen tandè sa.”

Mwen te di: “Nati w pa bon. Ou antò.”

¹⁵⁵ Lè mwen te deyò isi a, kèk jou apre sa, anwo sou flan yon mòn oswa flan yon ti mòn, ap fè lapèch, ak moun lan. Ti zwazo sa yo t ap chante. Alouwèt yo t ap rele. Vye iwondèl la tap vole anlè, oswa wosiyòl la, ap chante louwanj yo. Mwen te rele bay gason sa a, mwen te di: “Gade, gason, sa se mizik mwen. Kenbe sa limen. Sa se radyo mwen. Bondye voye yo desann pou chante pou mwen pandan mwen isi a. Li apeze nanm mwen.”

¹⁵⁶ Sa pi bon pase tout vye bagay fou sa yo la, vye bwat mizik juke boxes sa yo kap gwonde, san rete, kote ou pa ka menm manje nan yon plas piblik. Se dyèt dyab la. Se kay dyab la, tout manganmen ak peche. Èske nou tout bade deyò la a epi nou pran plezi nan sa? Lè yo mete lajan sa a nan vye ti bwat sa yo, epi tout vye bagay sal sa a vini, nou pran plezi nan sa? Wont pou nou. Ou se yon retwograd. Ou lwen Bondye. Ou pa konn Bondye. Si ou te konnen Bondye, nan padon peche w yo, ou pa tap janm koute yon bagay san sans konsa. Li tap mouri pou ou. Ou tap—ou tap vomi li. Ou pa vle li. Dyèt ou pi bon. Ou renmen Bondye. Èske nou p ap vini maten an, mete ajenou isi a ak sa yo ki konfese maten an?

¹⁵⁷ Men gen gason ak fanm ki mete ajenou isi a menm, ki te Kretyen depi plizyè lane. Mwen pa dekrisyanize yo. Men sa m ap eseye fè se di yo ke demon sa a, k ap ante yo, ap anpeche yo al nan Lajwa an plen an. Sentespri a se Lajwa. Frè, mwen leve sou, mwen al nan kabann sou, mwen sou pandan tout jounen, sou pandan tout lannwit. O, mwen jis—mwen jis renmen pou. . .

M al fè lapèch, mwen jis: “Pa pase lwen mwen, O bon Sovè. Tande kriye enb mwen.” M al lachas, e m ap chante louwanj Bondye yo. M ap preche, mwen . . . tout kote m ale. Èske nou pa vle pou n fason sa a? Ranpli ak Sentespri a, Li estimile nou. O la la! Tande yo kap chante vye chante sal sa yo, nou ka chante sa:

Mwen sou wout pou Tè pwomès la,
Mwen sou wout pou Tè pwomès la;
O kimoun k ap vini pou ale avè m?
Mwen sou wout pou Tè pwomès la.

Mwen sou wout pou Tè pwomès la,
Mwen sou wout pou Tè pwomès la;
O kimoun k ap vini pou ale avè m?
Mwen sou wout pou Tè pwomès la.

Kilè mwen va atenn repo beni sa a,
E pou m beni pou tout tan!
Kilè mwen va wè figi Papa m,
Epi repoze nan lestomak Li?

Mwen sou wout pou Tè pwomès la,
Mwen sou wout pou Tè pwomès la;
O kimoun k ap vini pou ale avè m?
Mwen sou wout pou Tè pwomès la.

¹⁵⁸ Èske nou pa vle vini, ale la a? Mwen sonje lè apeprè senk san nan nou kanpe laba a lè mwen tap batize san ven, apeprè nan moman sa a nan ane a, anba isi a sou rivay larivyè a, lè gran Zetwal Maten sa a vini ap klere sou rivyè a. Alelouya! Yon Vwa tap pale sot nan Li, te di: “Yon jou w ap simaye Levanjil la nan lemonn antye.” Kijan yon pòv ti gason fèmye, inyoran, te ka janm fè sa? Gras Bondye! Amèn.

¹⁵⁹ O, kimoun k ap vini pou ale? Debarase w, mete sou kote, tout fado kounye a. Pa koutè espri sediktè sa yo. Vini, koute Pawòl Bondye a, ENSI DI SEYÈ A! “Se pou sila yo ki grangou epi swaf pou jistis beni, paske yo va ranpli.”

¹⁶⁰ Ann koube tèt nou kounye a pandan n ap priye avèk sa yo ki devan lotèl la.

Chè timoun, mwen vle nou sonje, maten an, nou la a pou mete fado a sou kote. Nou la a pou n mete sou kote tout fado ak peche ki asayi nou tèlman fasil. Pòl te di, nan Ebre, chapit 12 la.

. . . konsa, nou wè ke nou . . . antoure ak gran foul moun sa yo, Ann voye tout bagay k ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou . . .

Kisa m ta di nou ankò? Se tan . . . pa ta . . . pale nou sou Jedeyon, sou Balak, Barak, Samson, Jefte, David, sou Samyèl ak tout pwofèt yo.

Ki pa lafwa, te konkeri wayòm, egzèsè jistis, *resevwa* pwomès yo, *femen bouch lyon yo,*

yo touye gwo gwo dife, yo chape anba epe. Yo te fèb, men yo te vin gen fòs, e sa te rann yo vanyan . . . kraze . . . lènmi an nan chape . . .

E anpil fanm wè moun pa yo ki te mourì tounen leve vivan ankò . . .

Gen ladan yo yo te tòtire, moun pase anba betiz, yo bat yo . . . Gen lòt ankò, plis pase sa, yo mare yo ak chenn, yo jete yo nan prizon.

Gen lòt ladan yo ki te gen eprèv . . . pase nan betiz . . . ap bat . . .

. . .yo tout Bondye te dakò ak yo paske yo te gen konfyans nan li . . .

E tout sa yo, yo te gen yon bon temwayaj pa lafwa, men yo pa t resewa pwomès la.

Bondye te sere yon pi bon bagay ankò pou nou, pou ke san nou yo pa rive nan pèfeksyon.

Konsa, nou la nan mitan gran foul moun sa yo konsa ki te moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann voye tout bagay k ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a . . . fasil pou vlope nou. konsa nou te ka kouri avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an.

Ann kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan li konfyans nou soti, se li menm tou k ap kenbe nou nan lafwa sa a jouk sa kaba. Li kite yo fè l soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske li te toujou chonje apre l te fin soufri a, Bondye t ap fè kè l kontan. Kifè koulye a li chita sou bò dwat twòn Bondye a.

¹⁶¹ Jezi, nan priyè Li, te di: “Papa, Mwen sanktifye Tèt Mwen.” Jezi te vin sanktifye, pou Legliz la. Li te ka marye, men Li pat fè li. Li vin sanktifye. Li te di: “Sanktifye yo, Papa, atravè Verite a. Pawòl Ou se Verite a.”

¹⁶² Kounye a voye tout bagay kap antrave kous nou jete byen lwen. Nou gen yon tanperaman kolerik? Nou gen yon bagay sou nou, fè nou pale lè nou pa ta dwe pale? O Bondye! Depoze l la a kounye a. Depoze li la a, gade Dife lotèl la ki desann epi wete li. Gade lanmou Bondye ki niche li. Gade tout vye egoyis sa a, fason nou tap pale ak madanm nou, fason nou tap pale ak mari nou, fason nou tap pale ak vwazen nou, fason nou tap pale sou moun nan legliz la, depoze l sou lotèl la maten an, e Dife Bondye a ap desann epi wete l drèt, e lanmou Diven ap boule nan plas li.

¹⁶³ Nou gen yon maladi? Depoze li sou lotèl la, di: “Seyè, men li. Kreye nan mwen yon espri pwòp. Kreye nan mwen yon pwisans gerizon.” Wè kisa Bondye ap fè. Bondye ap fè l maten an.

164 Papa nou ki nan Syèl la, nou koube nan Prezans Ou, pou sila yo ki devan lotèl la. Pèmèt ke gras Ou repoze sou chak grenn nan yo, Papa. Kounye a antan yo. . . Seyè, mwen pa ka fè l pou yo. Yo dwe fè l yomenm. Okenn nonm pa ka fè l pou yo. Yo dwe fè l poukont yo. Pèmèt ke nanm yo kounye a di anndan yomenm: “O Bondye, tanperaman kolerik sa a, mwen depoze l isi a, Seyè. Mwen p ap janm reprann li. Sa pa enpòtan kisa ki vini oswa ki prale, m ap kite l ale, apati de kounye a. Lang pa m sa a ki te fasil pou pran pati ak yon pakèt tripotay, Seyè, m ap depoze l isi a. Mwen p ap janm reprann li ankò. Sanktifye lang mwen, Seyè. Kite m santi Zanj yo ap pase, tankou Ezayi te fè lè li te di: ‘Mwen gen bouch enpi. Malè a mwen!’” E Zanj lan vini, te pran pensèt yo, epi tale nan lotèl la epi li te pran chabon Dife yo, epi li te poze l sou bouch li epi li te sanktifye li. Bondye, sanktifye chak moun ki pale, maten an, ki pale mal epi simen zizani. Akòde li, Seyè.

165 Tout maladi ki koube isi a nan bilding sa a, moun ki malad yo, antan yo konnen ke se demon yo ye, tou. Bondye, kòm sèvitè Ou, mwen reprimande yo, nan Non Jezi. Se pou yo soti sou chak moun malad. E se pou chak moun enpi, ki gen panse enpi, vilgè, lanvi, gason ak fanm, menm jan, Bondye, retire l nan yo. Tout sa yo isi a k ap eseye debarase yo de sigarèt, ak ti bweson sosyal, ak ti fèt, ak bagay egoyis; Bondye, estimile kè yo ak Sentespri a nan yon fason tèl ke bagay sa yo p ap gen okenn dezi ankò. Li p ap gen okenn plas; ou tèlman ranpli ak Sentespri a, apati de la a.

166 Bondye, fè ti legliz sa a yon ti touf bwa k ap boule. Fè de li yon plas ranpli ak Sentespri a, fè li yon Dife kap boule, konsa mond lan te ka vire sou kote pou wè glwa Bondye. Bondye, kòmanse ak ti ponyen moun sa a, ki nan kèk santèn isi a maten an. Akòde li, Seyè.

167 Pirifye chak kè, chak Metodis, chak Batis, chak Katolik, chak Presbiteryen, chak Pannkotis. Seyè, retire l nan kè yo, e kite yo vin jwenn Ou jodi a. Akòde li, Papa. Mwen rekòmande yo ba Ou, e remèt yo ba Ou, nan Non Jezikri, pou netwayaj nanm yo ak gerizon kò yo. Amèn.

168 Mwen mande m, devan lotèl la, èske nou te kite fado nou? Èske nou santi tankou li depoze la a? Si nou santi li depoze la a, se pou nou jij lan. Nou se sila a k ap priye. Mwen te fè predikasyon an. N ap fè lapriye a. Èske fado nou rete la a, frè, sè? Èske nou ka vrèman kite l la a? Si nou kapab, leve men nou, di: “Wi, Bondye, kounye a mwen kite l isi a. Diferans mwen, m ap kite l isi a devan lotèl la.” E noumenm, nan bout lotèl la isi a, a dwat mwen an, madam? Èske w ka kite l la a? Èske w ka kite vye chay sa a depoze la a? Di: “Wi, lafwa mwen gade anwo ba Ou, Oumenm Ayo Kalvè a.” Pandan nou tout ap chante li ansanm kounye a.

Lafwa M gade a Ou,
Oumenm Ayo Kalvè a,

O Sovè Diven;
 Kounye a tande m pandan m priye,
 Retire tout fòt mwen,
 O pèmèt mwen apati de jou sa a
 Pou M pou Oumenm nèt!

¹⁶⁹ Ann kanpe sou pye nou, vrèman ak respè, tout moun. Kounye a koute byen, tout moun kounye a. Piga pèsòn pati. Jis. . . Sèvis la pa fini. Mwen vle pou nou antre nan ti atmosfè sakre sa a, ti atmosfè solanèl sa.

Pandan mwen mache nan labirent fènwa lavi,
 Ak doulè toupatou kote m,
 Se Ou ki pou Gid mwen;
 Se pou fènwa vin lajounen,
 Siye dlo nan je chagren,
 E kite m apati de jou sa a
 Pou M pou Oumenm nèt!

Pa chante l pou vwazen nou kounye a. Fenmen je nou, epi ann chante l dousman, antan nou leve men nou bay Bondye.

Pandan mwen mache nan labirent fènwa lavi,
 Ak doulè toupatou kote m,
 Se Ou ki pou Gid mwen;
 Se pou fènwa vin lajounen,
 Siye dlo nan je chagren,
 Pa janm kite m pèdi wout mwen
 Sot bò kote W.

Mwen gen yon Papa laba a,
 Mwen gen yon Papa laba a,
 Mwen gen yon Papa laba a,
 Sou lòt Rivay la.

O, yon jou klere mwen prale pou wè Li,
 Yon jou klere mwen prale pou wè Li,
 Yon jou klere mwen prale pou wè Li,
 Sou lòt Rivay la.

O, jou klere sa a ka demen,
 Jou klere sa a ka demen,
 Jou klere sa a ka demen,
 Sou lòt Rivay la.

¹⁷⁰ Mwen mande m kounye a, konbyen ki gen yon papa nan lòt Peyi a? Kite n wè men nou. Konbyen ki gen yon manman nan lòt Peyi a? Kite n wè men nou. Konbyen ki gen yon Sovè nan lòt Peyi a? Kite n wè men nou.

Èske sa p ap yon rankont kè kontan!
 Èske sa p ap yon rankont kè kontan!
 Èske sa p ap yon rankont kè kontan!
 Sou lòt la. . .

171 Mwen vle nou fè yon bagay. Kounye a pandan n ap chante sa a ankò, mwen vle nou bay yon moun ki kanpe bò kote nou lanmen, epi di: “Frè, sè, priye pou mwen, pou ke mwen rankontre w nan lòt Peyi a.” Pa fè li sòf si w panse li. Konbyen ki vle rankontre youn lòt? Konbye ki vle rankontre tout moun ki isi a, lòtbò La a? Nou, sèten nou vle. Kounye a ann jis bay youn lòt lanmen, epi di: “Mwen vle rankontre w, frè. Mwen vle rankontre w sou lòt bò a.” Kounye a pandan n ap chante sa: “Mwen gen yon Sovè laba a.” Trè byen.

Mwen gen yon Sovè laba a,
Mwen gen yon Sovè laba a,
Mwen gen yon Sovè laba a,
Sou lòt Rivay la.

O, yon jou klere m prale pou wè Li,
Yon jou klere m prale pou wè Li,
Yon jou klere m prale pou wè Li,
Sou lòt Rivay la.

172 Èske sa pa fè nou santi nou byen epi anfòm? (*Jezi, kenbe m prè lakwa a.*)

Jezi, kenbe m pre . . .
Gen yon Fontèn presye,
Pou l ka pirifye tout nanm,
Koule sot nan Fontèn Kalvè.

Tout moun leve men nou kounye a.

Prè lakwa, prè lakwa,
Mwen vle toujou rete;
Jouk Jezi vini cache m
Pou L ka ban mwen lajwa.

Prè lakwa, prè lakwa,
Mwen vle toujou rete;
Jouk Jezi vini cache m
Pou L ka ban mwen lajwa.

Mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye
E Li te achte sali mwen
Sou Kalvè.

Louwanj pou Bondye!

173 Annou an silans kounye a jis bese tèt nou. E nan pwòp bèl fason pa nou, ann jis louwe Li ak men nou anlè, nan di: “Mèsi, Seyè, poutèt Ou sove nanm mwen. Mèsi, Seyè, poutèt Ou geri mwen. Mèsi, Seyè, pou tout sa W fè, pote delivrans ki dous, pote lesali gratis. Mèsi, Seyè.”

Nou ba Ou ofrann remèsiman sa a. Nou louwe Ou paske Ou tèlman adorab. Ou se Lis Vale a, Zetwal Maten an, Woz Sawon an, Tout nan Tout la. Ou se Papa a, Pitit la, Sentespri a; Sila ki Te Ye a, Ki Ye a, e Ki Va Vini; gran Alfa a, Omega. Ou se Sila ki

Mèveye a, Prens Lapè a, Rasin ak Desandan David la. Ou se Tout! E nou remèsye W, Seyè, pou tout sa ke W fè. Nou remèsye W pou Pawòl Ou, paske Li se yon Limyè nan chimen nou. O, nou priye, Seyè, ke Ou va kite nou mache nan Limyè a. Akòde li, Papa. Nan Non Jezikri. Amèn.

Trè byen. Pandan nou chita yon minit. (*N ap mache nan Limyè a.*)

N ap mache nan Limyè a, yon Limyè tèlman bèl,
Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,
Jezi, Limyè a pou . . .

¹⁷⁴ Ale, sen, ann chante l kounye a!

N ap mache nan Limyè a (pite, sentete), bèl
Limyè,
Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,
Jezi, Limyè a pou mond lan.
Vini, konfese Li kòm Wa nou,
Jezi, Limyè a pou mond lan;
Alò klòch Syèl yo va sonnen,
Jezi, Limyè a pou mond lan.

Tout moun!

N ap mache nan Limyè a (yon Limyè pou chimen mwen), bèl Limyè,
Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;
Klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,
Jezi, Limyè a pou mond lan.

¹⁷⁵ Èske sa pa fè nou santi n byen? Konbyen ki santi yo byen? Jis leve men nou kounye a, di: “Mwen santi m vrèman byen.” Sentespri a fwote nou tout. Apre sa n ap (kisa?) mache nan Limyè a. Pa koute okenn . . . Kisa Limyè a ye? “Pawòl Ou se yon Lanp.” Kifè lè sa a:

N ap mache nan Limyè sa a, se yon bèl Limyè,
Li vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;
Klere toutotou nou lajounen kou lannwit,
Jezi, Limyè a pou . . .

¹⁷⁶ Bon, èske sa pa mèveye? Sanble tankou nou jis pa ka fenmen. Sentespri a jis ap kenbe nou fèm! Èske nou pa santi nou fason sa a? Jis santi nou tankou . . .? . . . Jis sanble tankou li fenk ap soti.

. . . Levanjil la ap koule san,
San disip yo ki mouri pou Laverite,
Levanjil Sentespri sa a ap koule san.
Premye a ki mouri pou plan Sentespri sa a,

Se te Jan Batis, men li te mouri tankou yon nonm;
 Apre sa Seyè Jezi te vini, yo klouwe L sou lakwa,
 Li te preche ke Lespri a tap sove lèzòm anba peche.

Gen Pyè ak Pòl, ak Jan diven an,
 Yo te bay lavi yo konsa Levanjil sa a te ka klere;
 Yo te mele san yo, tankou pwofèt ansyen tan yo,
 Konsa vrè Pawòl Bondye a te ka di ak onètete.

Apre sa yo te kalonnen Etyèn ak wòch, li te preche kont peche,

Li te fè yo tèlman fache, yo te defonse tèt li;
 Men li te mouri nan Lespri a, li te rann nanm lan,

Epi l tal jwenn lòt yo, espri sa a ki bay lavi.

Li kontinye ap koule san, wi, l ap koule san,
 Levanjil Sentespri sa a ap koule san,
 San disip yo ki mouri pou Laverite,
 Levanjil Sentespri sa a kontinye ap koule san.

Koute!

Gen nanm anba lotèl la a, y ap kriye: “Konbyen tan ankò?”

Pou Seyè a pini sila yo ki te fè mal;
 Men pral gen plis k ap bay san lavi yo
 Pou Levanjil Sentespri sa a ak flo wouj fonsè li a.

Jis kontinye ap koule san, (Alelouya!) l ap koule san,

Mwen vle pou m youn nan yo.

. . . Levanjil Sentespri a, l ap koule san,
 San disip yo ki mouri pou Laverite,
 Levanjil Sentespri sa a ap koule san.

¹⁷⁷ Mwen ta renmen ale dwat sot nan lestrad la. Amèn. O, ala mèveye! Frè m yo bay san lavi yo. Pral gen plis k ap fè menm bagay la. Pa enkyete. L ap desann nan yon konfwontasyon trè byento. W ap swa antre oswa soti. Yo tout ap afilye kounye a nan Konsèy Legliz yo, e tout ap antre. Yo tout ap regwoupe ansanm.

E pral gen plis k ap bay san lavi yo
 Pou Levanjil Sentespri sa a ak flo pa l k ap netwaye a.

L ap koule san, wi, l ap koule . . . (O, alelouya!)
 Levanjil Sentespri sa a ap koule san,
 San disip yo ki te mouri pou Laverite,
 Levanjil Sentespri sa a, l ap koule san.

178 O la la! Mwen santi tankou Anlèvman an jis anlè legliz la. O, sa jis fè m santi m tèlman byen! Tout peche anba San an. Ou wè, Sentespri a renmen Pawòl la. Pawòl la se sou sa Sentespri a nourri, nou wè. O la la! Li desann epi vin nan mitan moun yo, netwaye peche yo, retire maladi yo, retire kè sere yo. Kounye a mwen sou, jis sou jan m ka ye, sou ak Lespri a, lanmou k ap jayi sot nan kè m. Sa pa enpòtan kisa nenpòt moun te janm fè, se padone. Lènmi ki pi anmè w la, tout fini. Nenpòt moun ki te janm pale oswa di yon bagay, si mwen . . . ebyen, mwen . . . ke tout ale, tout netwaye kounye a.

E l ap koule san, wi, l ap koule san,
 Levanjil Sentespri a ap koule san,
 San disip yo ki mouri pou Laverite,
 Levanjil Sentespri sa a . . .

O la la! Ala mèveye!

Ala yon tan mèveye pou ou,
 Ala yon tan mèveye pou mwen;
 Si nou tout pare pou rankontre Jezi Wa nou,
 Ala yon tan mèveye l ap ye.

Tan mèveye pou ou,
 Yon tan mèveye pou mwen;
 Si nou tout pare pou rankontre Jezi Wa nou,
 Ala yon tan mèveye l ap ye.

Nou renmen sa? Tout moun, ale!

O, tan mèveye pou ou,
 Yon tan mèveye pou mwen;
 Si nou tout pare pou rankontre Jezi Wa nou,
 Ala yon tan mèveye l ap ye.

179 Mwen jis santi tankou yon revèy ansyen mòd nan legliz la. Pa nou? Jis yon ansyen netwayaj, foubi; bon, ansyen tan mèveye. Èske nou pa santi n byen? O!

M a louwe Li, m a louwe Li,
 M a louwe Ayo a ki mouri pou pechè yo;

Ann chante l kounye a, tout moun. Nou konnen li? Mwen konnen l. Vin isi a; ede m kondwi li, Frè Neville. E nou tout, ansanm kounye a, jis leve men nou, chante l ak, kounye a, kounye a, si nou kapab.

M a louwe Ayo a ki mouri pou pechè yo;
 Se pou nou tout pèp ba Li glwa,
 Paske San Li lave chak tach.

180 Kounye a, tout moun, annou wè!

M a louwe Li, m a louwe Li,
 M a louwe Ayo a ki mouri pou pechè yo;
 Se pou nou tout pèp ba Li glwa,
 Paske San Li lave chak tach.

Amèn. Sa mèveye?

. . . Vil blan an Pèl,
Mwen gen yon chato, yon ap ak yon kouwòn;
Kounye a m ap tann, m ap veye e m ap priye,
Pou Vil blan an Jan te wè k ap desann lan.

¹⁸¹ Amèn. Mèveye! O! Kounye a annou kanpe sou pye nou, tout moun. Mwen espere nou santi nou byen. Sonje sèvis yo aswè a. Kounye a nou vle chante ansyen bon chante pou voye nou ale a.

Nan Non Jezi a ap koube,
Tonbe fas atè nan pye L,
Wa tout wa nan Syèl n ap kouwone L,
Lè vwayaj nou va fini.

Trè byen. Tout moun kounye a, ansanm. Trè byen.

Nan Non Jezi a ap koube,
Tonbe fas atè nan pye L,
Wa tout wa nan Syèl n ap kouwone L,
Lè vwayaj nou va fini.

Presye Non, (Presye Non!) O ala dous! (O ala dous!)

Espwa latè ak lajwa Syèl la;
Presye Non, (Presye Non!) O ala dous! (O ala dous!)

Espwa latè ak lajwa Syèl la.

¹⁸² Ala yon maten mèveye! Ala yon tan mèveye! Ann koube tèt nou kounye a jis on moman. Tout moun gade Kris tou dwat kounye a, Sovè nou. Nan yon fason silansye, mwen vle pou nou ba Li remèsiman ak louwanj. Di: “Seyè, mwen tèlman remèsye W pou tout sa Ou fè pou mwen. Kite Lespri Ou sou mwen pandan jounen an, Seyè. Gide mwen. Dirije mwen. Beni mwen.” Se pou Bondye akòde benediksyon sa a ba nou, se priyè mwen.

Kounye a pandan nou koube tèt nou, Frè Neville, voye nou ale nan yon mo priyè.



55-0724 Espri Sediktè Yo
Branham Tabènak
Jeffersonville, Ind yana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org